ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№50 (24.956) • 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

## Нэхъыбэрэ зекІуэнущ, мылъкури зэрагъэзэхуэнущ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц Іэмалкlэ хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и комиссэм и зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ вице-премьер Хуснуллин Марат.**

ЗЭІУЩІЭР теухуат «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымрэ «Ухуэныгъэ» къэрал программэмрэ гъэзэщІа зэрыхъу щІыкІэм. КъинэмыщІауэ, мазищым къриубыдэу яухуэну зыхунэса псэупІэхэм тепсэлъыхьащ, щІыналъэхэм щІымрэ псэупІэхэмрэ щаІэ уасэхэм зэрызихъуэжыпхъэ мардэхэм (капитализацэ) я гугъу ящІащ. Унэхэр гъэхуэбэным, ахэр псыкІэ къызэгъэпэщыным, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІыналъэ къэс щыхуагъэув уасэхэм, инвестицэхэр къызэрагъэщхьэпэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ.




Капитализацэр къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ псэупІэхэр къанэ щымыІэу къыхэтхыкІыным, кадастр лэжьыгъэхэр зэфІэхыным, унэхэмрэ щІымрэ зейхэр зэхэгъэкІыным, абыхэм ящыщу къэралым хуэлэжьэфынухэр убзыхуным, дэтхэнэ зы псэупІэми епха хуитыныгъэхэр наІуэ къэщІыным, псори «ЩІыпІэм епха лъэпкъ системэм и щытыкІэр» зи фІэщыгъэ, бжыгъэр зи тегъэщІапІэ хэщІапІэм щызэхуэхьэсыным теухуауэ.

«Коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщІэрэщІэжын» къэрал проектым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм объект 12-м епха ухуэныгъэ Іуэхухэр, дэтхэнэ зыми псы ешэлІэн-къыщІэшын лэжьыгъэхэр щызэфІагъэкІыну я мурадщ. «Головной» псы къыщІэшыпІэмрэ ар зыгъэкъабзэ Іэмэпсымэхэмрэ зыхуей хуагъэзэн щІадзакІэщ, а Іуэхум къэрал бюджетым къыхэкІыу сом мелард 1,8-рэ къыхуаутІыпщащ. Лэжьыгъэхэр 2027 гъэм и кІэм нагъэсыну я гугъэщ.

Къуажэхэм зегъэужьыным хуэгъэпса программэм ипкъ иткІэ, «Къарэ-Суу – Бабугент - Къэщкъэтау» псы зекІуапІэм йолэжь. Бахъсэндэсхэм псы къабзэ яхуэзыутІыпщ бжьамий гупыр зыхуей хуагъэзэ. Жылагъуэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэпса Іэмэпсымэхэр щІэкІэ зэрахъуэжым и фІыгъэкІэ, ахэр нэхъыбэрэ зекІуэнущ, цІыхухэм Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ яІэрыхьэнущ, псым елэжь ІуэхущІапІэхэм я мылъкур нэхъ ярикъунущ.

## Гузэвэгъуэшхуэм дунейр къезыгъэлахэр

**1986 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къэхъуа гузэвэгъуэм дунейр хуабжьу ихъуэжати, гъащІэр лъэхъэнитІу игуэша хуэдэт: «ипэкІэрэ» «иужькІэрэ». Чернобыль атом электростанцыр къыщыуам цІыхум и тхыдэм нэхъ къэхъукъащІэ гузэвэгъуэ имыІауэ къалъытат - мин бжыгъэхэр абы ихьат.**



ИЛЪЭС 40 дэкІыжащ лъандэрэ. Гузэвэгъуэм и лъэужьыр гъэкІуэдыжыным, я узыншагъи гъащІи емыблэжу, лІыгъэ яхэлъу хэтахэм фІыщІэ хуащІыну, къахэмытыжхэр ягу къагъэкІыжыну дыгъуасэ цІыхухэр зэхыхьат, КъБР-м и Дзэ комиссариатым и гупэм къит жыг хадэм деж пэкІу щрагъэкІуэкІыну.

Къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщІащ КъБР-м и муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Мисиров Хъызыр. Урыс члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием и Налшык округым и дин лэжьакІуэ Осипов Константини тхьэ яхуелъэІуащ. ДакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ АЭС-м къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэдахэмрэ абы и лъэужьыр зыгъэкІуэдыжахэм ящыщу къахэмытыжхэмрэ.

КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Гергоков Джамболэт къыхигъэщащ илъэс 40 дэкІа иужькІи техноген гузэвэгъуэм и инагъыу щытам иджыри узэригъэгупсысэр. «Зи узыншагъэ емыблэжу а Іуэхум хэтахэм нобэ ди щхьэр яхудогъэщхъ, - жиІащ абы къыщыпсалъэм. - Гузэвэгъуэм зэригъэубыдат дохутырхэри, дзэ инженерхэри, мафІэсгъэункІыфІхэри - япэ махуэ нэхъ шынагъуэхэм лъэужьыр зыгъэкІуэдыжу хэтахэм къагурыІуэрт я гъащІэр халъхьэми, дунейр гузэвэгъуэшхуэм къызэрырагъэлыр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ирогушхуэ и къуэ пажэхэм. Ди цІыху 1500-м щІигъу хэтащ а гузэвэгъуэм и лъэужьыр гъэкІуэдыжыным. Дэтхэнэми и лІыгъэр дощІэж икІи зыщыдгъэгъупщэнукъым. Чернобыль гузэвэгъуэм дигъэлъэгъуащ щІыуэпсымрэ технологиехэмрэ тІасхъапІэ зэраІэр, абы къыхэкІыу цІыхум зэпымыууэ и ІэщІагъэм хигъэхъуэн зэрыхуейр, дэІэпыкъуэгъу хъуну дэтхэнэ зыри зэрыхьэзырыпхъэр».

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*



ЛІакъуэхэр зэпызыщІэ

2-нэ нап.



ЦІыхубэм удэгъуэгурыкІуэнырщ нэхъыщхьэр

3-нэ нап.



Лъэпкъ куэдым я зэхыхьэ

9-нэ нап.




11-нэ нап.



Къуэш зэрыгъэхъуащ, унагъуэкІи зэкІэлъокІуэ

12-нэ нап.





**Адыгэ ныпым теухуа зэIущIэ купщIафIэ дыгъуасэ Лъэпкъ музейм щекIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм. ЗэIущIэм хэтащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и ЩIэныгъэ-инновацэ центрым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къущхьэбий Анзор, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я Iэзагъым хэгъэхъуэнымкIэ зэпымычу лажьэ и центрым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэжэр Артур, Лъэпкъ музейм и тхьэмадэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Накуэ Феликс, КъБР-м и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр, КъБКъУ-м и студентхэр, егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.**

● Нобэ Адыгэ ныпым и махуэщ

# ЛIакъуэхэр зэпызыщIэ

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым ДАХ-м и IуэхущIапIэм и унафэщI Нанэ Лерэ жиIащ Хасэшхуэм 2010 гъэ лъандэрэ къыхилъхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Адыгэ ныпым и махуэр зэрыщагъэлъапIэр, а Iуэхур Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием ис ди лъэпкъэгъухэми къызэрыддащтар, уеблэмэ хамэ къэралхэм щыпсэухэми Iэтауэ зэрагъэлъапIэр. «А махуэм иджыри зэ дигу къыдогъэкIыж дыкъызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэ къулейр, хабзэр, бзэр, апхуэдэуи псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэным дыкъыхуреджэ», - жиIащ Лерэ.

Накуэ Феликс и гугъу ищIащ адыгэ тхыдэр лIэщIыгъуэкIэрэ къызэрабжыж, Кавказ Ищхъэрэм щызэрахьэ щэнхабзэхэм къежьапIэ хуэхъу Мейкъуапэ щэнхабзэр адыгэ лъэпкъым и лъабжьэу къэплъытэ зэрыхъунум.

- Фэ фызэрыщыгъуазэщи, адыгэ лъэпкъыр къэрал, щIыналъэ куэдым щопсэу. Дэнэ щыIэми зыхэсхэм яхэзагъэу, я лъэпкъ хабзэмкIэ къахэщу, пщIэ къыхуащIу къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэу, Урысейм и щэнхабзэм и Iыхьэ хилъхьэу, ар игъэбейуэ къокIуэкI, - жиIащ Феликс. - Ныпым и гугъу пщIымэ, ар лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, дэнэ щыпсэури зэрызэрыщIэ, адыгэм и къекIуэкIыкIам щыхьэт техъуэ дамыгъэу жыпIэ хъунущ. Адыгэр адыгэ зыщIыр и къафэрщ, и тхыдэрщ, и хабзэрщ, и IуэрыIуатэрщ, и уэрэдыжьхэрщ. А псори зэзыпхыжыр зи махуэр дгъэлъапIэ ныпрауэ къызолъытэ сэ. Ныпым и тхыдэри, и зэхэлъыкIэри жыжьэ къыщожьэ, ар хьэтхэм зэрахьэу щытащ гъущI хъарым къыхэщIыкIауэ, а вагъуэхэри, шабзэхэри тету.

Феликс къытеувыIащ адыгэ тхыпхъэщIыпхъэр зэрызэфIэувам, дамыгъэхэм я къежьэкIам, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ адрейхэм къахигъэщу зэрахьэу щыта дамыгъэхэмрэ фэилъхьэгъуэхэмрэ.

Къущхьэбий Анзор адыгэ ныпым къежьапIэ хуэхъуар щыжиIэжым ар дзэр зекIуэ ежьэмэ къыздищтэу, пащтыхьхэм я напщIэ телъу зэрыщытар къыхигъэщхьэхукIащ. «Вагъуэ 12-мрэ шабзищымрэ мы дэ тцIыху ныпыр къемыжьэ щIыкIи яIыгъащ ди адэжьхэм, уеблэмэ лъэпкъ дамыгъэу зэрахьахэм тещIыхьащ а вагъуэ пщыкIутIыр, псалъэм папщIэ, Джылахъстэнхэ, Талъостэнхэ, Мысостхэ, нэгъуэщIхэми. А псом щымыгъуазэхэм ди ныпыр инджылызхэм къагупсысауэ ятх е уэсмэн къэралыгъуэм щызэхагъэувауэ жаIэ. Ахэр пэжкъым, мыр адыгэм езым къигупсыса ныпщ. Апхуэдэ дыдэу фщIэну сыхуейщ вагъуэ 12-р адыгэ лъэпкъ 12-м ейуэ зэрыжаIэр зэрыпцIыр. Адыгэр «племена» жыхуиIэ гупым хуэдэу зэщхьэщыкIыу щытакъым, классkIэт зэрызэхагъэкIыр. Япэ дыдэу класс гуэшыкIэр къыщежьа лъэпкъхэм дащыщщ дэ. Зэман куэдкIэ узэIэбыкIыжмэ, ди лъахэр щIыпIэ 12 иращIыкIауэ щытащ, аращ а вагъуэ 12-ри къызытекIар. Абы щхьэкIэ «субэтнос» е «общество», нэгъуэщIу жыпIэмэ, «жылагъуэ» псалъэмкIэ къэбгъэлъагъуэ хъунущ», - игъэбелджылащ Къущхьэбийм.

Къэжэр Артур жиIащ ныпыр тхыдэу зэрыщытыр, илъэс мин бжыгъэ къэзыгъэщIа лъэпкъым и лIакъуэхэр зэпызыщIэ дамыгъэу зэрызэрахьэр. «Псом япэу тщIэн хуейр ди лъэпкъым и тхыдэращ, лъэпкъ зэхэщIыкI диIэн хуейщ. УкъызыхэкIам теухуар пщIэжу, ар адрейхэм ебгъэцIыхуфу щытыныр Iэмал зимыIэщ. ЦIыхур зищIысыр къэрипщIэу псом япэ къигъэлъагъуэр зыщыщ лъэпкъырщ, итIанэ къыщалъхуа къуажэрщ, къызыхэкIа лъэпкъырщ, къыкIэлъыкIуэу зэрыс щIыналъэр, къэралыр зыхуэдэрщ. А щхьэхуэныгъэхэм фIыуэ хэтщIыкIыу, пэжу къыдгурыIуэу щытыпхъэщ.

Тхыбзэ дызэримыIам къыхэкIыу куэд тфIэкIуэдащ дэ, ауэ адыгэр щыпсэуа лъэхъэнэхэмрэ яхузэфIэкIыу щытахэмрэ ятеухуауэ Урысейм тхуихъумар мащIэкъым. Ар къыдэкIуэтей щIэблэм ящIэну, ялъытэну сыхуейт. Лъэпкъым тхыдэр щыгъупщэ хъунукъым. КъызыхэкIар имыщIэжмэ, абы и лъапIэныгъэ псори фIэкIуэдауэ жыпIэ хъунущ», - къыхигъэщащ Къэжэрым.

Вэрокъуэ Затий къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Ныпым и махуэмкIэ икIи жиIащ хамэ къэралхэм адыгэхэр къызэрыщацIыху дамыгъэ нэхъыщхьэу ар зэрыщытыр, абы зэкъуэшхэр зэрызэкъуигъэувэр, я тхыдэр хамэхэм жраIэн хуей хъуамэ, ныпыр лъабжьэу къызэращтэр.

Къумал Заурбэч щIалэгъуалэр, еджакIуэхэр къыхуриджащ я лъэпкъ тхыдэр куууэ зрагъэщIэну, анэдэлъхубзэм ирипсэлъэну. «Уи тхыдэр пщIэмэ, лъэпкъ зэхэщIыкI уиIэмэ, зыпхъумэжыфынущ. Бзэр зыIэщIэвмыгъэху, нарт эпосым феджэ, лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр зэвгъащIэ», - еущиящ ар ныбжьыщIэхэм.

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Хьэкъул Замир жиIащ ди тхыдэджхэр зэгурыIуэу ныпым тет вагъуэ 12-мрэ шабзищымрэ къарыкIыр убзыхуауэ ди пащхьэ кърахьэн зэрыхуейр. Армырамэ, интернетым илъ хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэм щIалэгъуалэр щагъауэ.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ «Нартан» уэрэджыIакIуэ гупым хэтхэм.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ.*

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

# Гузэвэгъуэшхуэм дунейр къезыгъэлахэр

«Чернобыль зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Хьэбалэ Хьэсэн тепсэлъыхьыжащ АЭС-м гузэвэгъуэр къыщыщыхъуа япэ махуэхэм, къэрал псор зэрызэкъуигъэувар. «XX лIэщIыгъуэм и къэхъукъащIэ нэхъ шынагъуэр къызэрыхъурэ илъэс 40 дэкIыжащ. 2001 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Минск щекIуэкIа зэхуэсышхуэм СНГ-м и къэралхэм я Iэтащхьэхэм унафэ къыщащтауэ щытащ мэлыжьыхьым и 26-р Радиацэмрэ нэгъуэщI къэхъукъащIэхэмрэ хэкIуэдахэм я дунейпсо фэеплъ махуэу ягъэувыну. ЦIыхухэр зыпэщIэтар я узыншагъэм зэран хуэхъу лэжьыгъэшхуэт, ауэ укъикIуэти хъунутэкъым. Илъэс 20 фIэкIа мыхъуа зауэлIхэри яхэту, цIыхухэр пэщIэтын хуей хъуащ Хиросимэрэ Нагасакирэ щрадзыха атом лагъым 90-м хуэбгъэдэн къарум. Радиацэм и лъэужьыр гъэкIуэдыжыным ди щIыналъэм икIауэ хэтахэм ящыщу цIыху 724-м къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр: ЛIыхъужьыгъэм и орденхэмрэ «ХэкIуадэхэр къызэрырагъэлам папщIэ» медалхэмрэ. Апхуэдэ лIыгъэр ящIэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм».

КъБР-м и Парламентым и депутат Безгодькэ Владимир жиIащ: «Чернобылым и ветеранхэм къызэтрагъэувыIам щIыпIэ мыхьэнэм и закъуэтэкъым иIэр - ар дунейпсо гузэвэгъуэт, радиацэр жыжьэ дыдэ щызэбгрыкIат. КъэхъукъащIэр Хиросимэрэ Нагасакирэ къыщыхъуам нэхърэ нэхъ шынагъуэжт. Дунейм зэи апхуэдэ лIыхъужьыгъэ щыIакъым - сэлэтхэмрэ дохутырхэмрэ, зэрызахъумэн Iэмэпсымэ гуэри ямыIэу, гузэвэгъуэр къыщыхъуа щIыпIэр дыкъэзыухъуреихь дунейм пэIэщIэ щIыным хуэгъэзауэ псынщIэ дыдэу ухуэныгъэхэр дращIеят. Ауэ япэ махуэхэм ди цIыхухэм яхузэфIэкIар мыхъуамэ, хэкIуэдэну щытар нэхъыбэнут. Абы хэта дэтхэнэми и цIэр дыщэ хьэрфкIэ тхауэ тхыдэм къыхэнащ».

Чернобыль гузэвэгъуэм и лъэужьыр гъэкIуэдыжыным хэтахэм, КъБР-м и Правительствэм, хабзэубзыху IуэхущIапIэм, МЧС-м я лIыкIуэхэм, дин лэжьакIуэхэм, къалэдэсхэм зэгъусэу фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



**● Мэлыжьыхьым и 27-р Урысей парламентаризмэм и махуэщ**

# Шыпш Аслъэн: ЦIыхубэм удэгъуэгурыкIуэнырщ нэхъыщхьэр

*Урысей парламентаризмэм и махуэр мэлыжьыхьым и 27-м ягъэлъапIэ. Ар УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ 2012 гъэм ягъэуващ. Махуэшхуэр тращIыхьащ Урысейм и тхыдэм щыяпэу, 1906 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м, Къэрал Думэм лэжьэн зэрыщIидзам. Абы теухуауэ допсалъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмк1э, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетхэм хэт, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн.*



**- Урысей парламентаризмэр мы гъэм илъэси 120-рэ ирокъу. Республикэм, къэралым абы зэрызыщиужьам дауэ уеплърэ, Аслъэн?**

- Псом япэу абы хиболъагъуэ тхыдэ щIэин зэриIэр. Николай ЕтIуанэм 1906 гъэм мазаем и 20-м (иджырей къэбжыкIэмкIэ гъатхэпэм и 5-м) къыдигъэкIа манифестым палатитI хъу убзыхукIэм - Къэрал Советымрэ Къэрал Думэмрэ - я лъабжьэр игъэтIылъат. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ икIэм-икIэжым щIыналъэшхуэ зиIэ, лъэпкъ, дин зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэт къэралым хуэкIуэу къыщIэкIар. Палатэхэр зэрызэдэлэжьэну щIыкIэу а манифестым къыщыгъэлъэгъуауэ щытахэм нобэр къыздэсым мыхьэнэшхуэ яIэщ.

1990 гъэхэм ебгъуанэ классым сыщIэсу си хъуэпсапIэт юрист сыхъуну. Абы щегъэжьауи набдзэгубдзаплъэу сыкIэлъыплъын щIэздзат къэралми ди щIыналъэми щекIуэкI политикэ Iуэхухэм. Уеблэмэ ди адэм селъэIуат урысей, парламент газетхэр къысхуищэхуну. Сызэхихат: зы къыдэкIыгъуэ блимыгъэкIыу къысхуищэхурти, унэм къысхуихьырт. Сэ ахэр набдзэгубдзаплъэу щIэзджыкIыу сыщыст. ФIы дыдэу сощIэж тхьэмахуэм зэ «Парламент сыхьэт» нэтынри къату зэрыщытар. СфIэгъэщIэгъуэну седаIуэрт политикэ партхэм хэтхэр зэрызэпсалъэм, унафэ зэращIым. Къапщтэмэ, абы щыгъуэм Iуэхум и пэжыпIэр къызэрагъэлъагъуэм нэхърэ, ЦIыхубэм я гугъуехьхэр псынщIэу икIи тыншу хузэфIэхыну къызэрагъэгугъэр нэхъыбэт. Нэхъыщхьэрати, зым жиIэр адрейм зэхимыхыжу къыпщыхъурт, хэти Iуэху гуэркIи щIэмыгъэбыдауэ къыхуеджэныгъэхэр игъэхьэзырырт, и хэхакIуэр къыдихьэхын щхьэкIэ...

Ди зэманым долъагъу Парламентри, Къэрал Думэри, Федерацэмк1э Советри зэгурыIуэу икIи купщIафIэу зэрызэдэлажьэр, къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнум псори зэрытращIыхьыр. Нэхъ ипэкIэ партхэм гуп, цIыху щхьэхуэхэм я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъагъуэу щытамэ, нобэ парламентым щызэхэт политикэ парт зэмылIэужьыгъуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр зэмыщхьми, псори зэлэжьыр зы Iуэхущ - къэралым и цIыхухэм я зыужьыныгъэрщ.

Парламентаризмэм зэрызиужьым и нэщэнэу жыпIэ хъуну къысщохъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и иджырей зэхуэсыгъуэм депутат ныбжьыщIэу хагъэхьам хуэдиз зэи зэрыщымыIар. Абы уримыгушхуэу къанэркъым. КъыдэкIуэтей щIэблэм я дежкIэ ар щапхъэщ. Абыхэм ялъагъу, ныбжькIэ ущIалэми, уеджэмэ, щIэныгъэ куу зэбгъэгъуэтмэ, жылагъуэм ухуэщхьэпэу, щIыналъэм ифI зепхуэмэ, лъагапIэхэм узэрынэсыфынур. Нобэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ и нэIэм щIэту, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэр зэгурыIуэу, зэчэнджэщу щIыналъэм и псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхухэм йолэжь, абыхэм ехьэлIа хабзэхэр къащтэ.

**- Иджыпсту КъБР-м и Парламентым и екланэ зэхуэсыгъуэр мэлажьэ. 2024 гъэм и фокIадэм екIуэкIа хэхыныгъэхэм япкъ иткIэ депутат ухъуащ. А Iуэхум сытым утригъэгушхуа?**

- Хэхыныгъэхэм иджы и закъуэкъым сыщыхэтар, депутат сыхъуну сыхуейуэ зыбжанэрэ зыкъэзгъэлъэгъуауэ щытащ. 2011 гъэм «Урысей зэкъуэт» партым цIыхубэ праймериз иригъэкIуэкIауэ щытащ, Къэрал Думэм еханэ зэхуэсыгъуэм и хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным хыхьэу. А Iуэхур хуэунэтIат щIыналъэ гупхэм хагъэхьэнухэр гъэбелджылыным. Абыи сыхэтащ. ИужькIэ, зэрыжыпIауэ, 2024 гъэм хэхакIуэхэм дзыхь къысхуащIащ. Депутату ущытыныр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхуу къызолъытэ. КъызэрыхэзгъэщIауи, школ зэман лъандэрэ, иужькIэ еджапIэ нэхъыщхьэм щыпысщэу, сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъуэну щытащ къэралым и ухуэкIэр, парламентаризмэр, федерацэмрэ щIыналъэхэмрэ я зэхущытыкIэхэр, ахэр щIэзыгъэбыдэ хабзэхэр, къапщтэмэ, нэгъуэщI къэралхэми я парламентхэм я лэжьэкIэр. ЩIэныгъэрэ сызыхущIэкъуа зэфIэкIымрэ иджы къэзгъэщхьэпэжыну, си лъахэм сэбэп сыхуэхъуну Iэмал зэрызгъуэтар зэрызгъэпэжыжыным сыхущIэкъуну аращ.

**- Республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм ЩIалэгъуалэ палатэ щолажьэ икIи, сызэрыщыгъуазэмкIэ, и зэманым узэри абы къыщыщIэбдзащ. Мы Iуэхум щIалэгъуалэр девгъэхьэхыныр дауэ екIуэкIрэ?**

- Политик ныбжьыщIэхэм я жэрдэмхэр зэрыпхагъэкIыр, щIалэгъуалэм я Iуэху еплъыкIэр къызэралъытэр щIэблэм щалъагъукIэ, Хэкум хуэщхьэпэну, жылагъуэ Iуэхухэм хэтыну нэхъ тогушхуэ. Зы Iуэху сигу къокIыж: КъБКъУ-м и юридическэ факультетым сристуденту, етIуанэ курсым нэхъыфI дыдэу слъагъу дерсымкIэ (Урысей Федерацэм и къэрал ухуэкIэр хабзэкIэ Конституцэм зэрыщIигъэбыдэр) дригъэджащ мы зэманым КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ. Сыщымыуэмэ, абы щыгъуэм ар хабзэубзыху IуэхущIапIэм ЗаконодательствэмкIэ, хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и комитетым и унафэщIт. Сытегушхуэри, абы сыбгъэдыхьат, гъэмахуэм си практикэр Парламентым щызгъэкIуэ хъунумэ къэсщIэну. Апхуэдэу абы и щIэгъэкъуэнкIэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм сагъэкIуауэ щытащ. Ар 2002 гъэрати, хабзэубзыху Iуэхум ехьэлIауэ япэ лъэбакъуэхэр абдеж щысча къыщIэкIынт. КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэр къыщызэрагъэпэщми, абы сыхыхьащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт а зэманым палатэм си гъусэу хэта куэд нобэ къэрал IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыпэрытыр: хэти министрым и къулыкъум, хэти щIыналъэ депутату, хэти хьэрычэт Iуэхум хэзэгъауэ. ЖысIэнуращи, ЩIалэгъуалэ палатэр еджапIэфI тхуэхъуащ, псом хуэмыдэу хабзэубзыху IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зищIысыр къэтщIэнымкIэ. А зэманым емызэшыжу даунэтIащ Егоровэ Татьянэрэ Iэпщэ Заурэ, абыхэм я гуащIэ мымащIи халъхьащ ЩIалэгъуалэ палатэр зэфIэувэным.

Парламентаризмэм зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ хэхакIуэхэм, гугъуехь пэщIэхуа цIыхухэм уепсэлъэнымрэ уаIущIэнымрэ. Депутат къалэныр зэрызгъэзащIэм и мызакъуэу, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIуи сыщытщи, IэмалыфI сиIэщ хабзэмрэ хуитыныгъэхэмрэ я лъабжьэр, унагъуэм, лэжьыгъэм, уголовнэ Iуэхухэм ятеухуа законодательствэр, гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ нэгъуэщIхэр щIэблэм я деж нэхьэсыным теухуауэ. Абы къикIращи, нобэ дыхуейщ хабзэм хащIыкIыу ди щIалэгъуалэр къэдгъэхъуну, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я конституцэхэм ахэр щыгъуазэу, я къалэнхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ ящIэу, жэуаплыныгъэ яхэлъу. Абы иджыпсту демылэжьмэ, къэрал хабзэхэр къызыфIэмыIуэху, нэмыплъ езыт, дзыхьмыщI щIэблэщ диIэнур, апхуэдэм, зэрытщIэщи, иужькIэ щIэпхъаджагъэхэр къыдокIуэ. Абы къыхэкIыу дыхущIокъу щIалэгъуалэр хьэл мыхъумыщIэхэм щытхъумэу, езыхэми къалэнхэр зэраIэр къагурыдгъаIуэну. Ар Iэмал зимыIэщ жылагъуэ зэпIэзэрыту декIуэкIын, пщIэрэ щIыхьрэ зэрылъ къэралу зыдужьын щхьэкIэ.

**- КъБР-м и Парламентым узэрыщылэжьа пIалъэм сыт къуигъэщIа? Депутату ущытыныр гугъу?**

- Зыгуэрхэр къызэщIэпкъуэжыну, дауи, пасэщ. ДяпэкIэ лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ. Парламентым и депутату ущытыныр, шэч хэмылъу, жэуаплыныгъэ зыпылъщ. А лэжьыгъэм къыпхуегъэув уи къэухьым зэпымыууэ хэбгъэхъуэныр, къекIуэкI Iуэхухэм ущыгъуазэрэ къэралым къыщащтэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм ухэплъэу. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэта щхьэкIэ, зэманыр и пIэ иткъым, зэбгъэхъулIахэм ущыгугъыу ущыс хъунукъым. Зыужьыныгъэм гъунэ иIэкъым.

Ди лэжьыгъэм щызогъэнэхъапэ щIыналъэм щыпсэухэм, нэхъыжьми нэхъыщIэми, епсэлъэныр, хэхакIуэхэм пыщIауэ ущытыныр, я Iуэху еплъыкIэм зыщыбгъэгъуэзэныр. УФ-м и Президентри Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и Iэтащхьэри илъэс куэд щIауэ зытет лэжьэкIэщ ар. ЦIыхубэм удэгъуэгурыкIуэнращ нэхъыщхьэри, си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, цIыхум сахэтыну сфIэфIщ. Апхуэдэ Iэмал депутат къулыкъуми зэгухьэныгъэм и унафэщIу сызэрыщытми къызатри, жылагъуэр зыхуэныкъуэмрэ я мурадхэмрэ зэрызыщызгъэгъуэзэфым срогушхуэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, накъыгъэм и 26-м «Художники добра» зыфIэтща пшыхьыр (узэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Бэрэгъун Заур хэту) сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ папщIэ къыздгъэпэщыну ди мурадщи, ар къыдэхъулIэну сыщогугъ. Депутат лэжьыгъэм дыхуегъасэ псори зэпэлъытауэ унафэ тэмэм къэщтэным.

*Епсэлъар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

# Дамыгъэ лъапIэ къыхуагъэфащэ

**Урысей Федерацэм и Президентым 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №270-м ипкъ иткIэ, къэралым и пащхьэм щиIэ фIыщIэм, илъэс куэдкIэ лэжьыгъэ гуащIафIэ зэрырихьэкIам папщIэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис Мустэфа и къуэм къыхуагъэфэщащ Невский Александр и орденыр.**

АПХУЭДЭ дамыгъэ лъапIэр къыпэкIуащ Зумакуловым жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныым, къэралыгъуэм и лъабжьэр нэхъри гъэбыдэным, щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хабзэм тету хъумэным хуэунэтIауэ илъэс куэдкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ купщIафэм.

Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ докторым, профессорым, къэрал лэжьакIуэ Iэзэм и къалэныр нэсу ирихьэкIынымкIэ сэбэпышхуэ къыхуохъу хабзэм кууэ зэрыхищIыкIымрэ Iущагъышхуэ зэрыхэлъымрэ. ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ къулыкъум зэрыпэрыта илъэсхэм абы хузэфIэкIащ а IэнатIэм жылагъуэм дзыхь хуригъэщIыфын, апхуэдэ щIыкIэкIи, хабзэм тету, куэдым я Iуэху дэкIынымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ.

Зумакулов Борис Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу къэрал дамыгъэ лъапIэр къызэрыхуагъэфэщам къегъэлъагъуэ абы ди республикэм и мызакъуэу, Урысейми Iулъыдж зэрыщиIэр. Апхуэдэуи ар и щыхьэтщ жылагъуэм зэхущытыкIэ тэмэм щыIэнымкIэ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым.

Дамыгъэ лъапIэр къызэрыхуагъэфэщамкIэ Зумакулов Борис йохъуэхъу и лэжьэгъухэр, республикэм и юрист, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр икIи къыхагъэщ Хэкум, и къулыкъум зэрахуэпэжым къыпэкIуэу Невский Александр и орденымкIэ хуэфащэ дыдэу зэрагъэпэжар.








# И къуажэгъухэм жаIэ: «ди Пикассо»

**СурэтыщIым дыкъэзыухъуреихь дунейм хелъагъуэ дэ гу зылъыдмытэ куэд, уеблэмэ езым ипсыхьа зы дуней щхьэхуэм дыхишэну хузэфIокI.**



ЗИ лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэ, зи гупсысэм гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэ адыгэ сурэтыщIщ зи гугъу тщIынур. Фияпщэ Анзор Тэрч щIыналъэм, Акъбаш Ищхъэрэ (Астэмрей) къуажэм щыщщ. КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым щыхуеджащ инженер IэщIагъэм. Езыр-езыру гъуазджэм и щэхухэр зыджа иджырей сурэтыщIщ.

- Сызэрысабийрэ сфIэфIщ зыгуэрхэр къэзгупсысурэ сурэту сщIыну, дахагъэу слъагъумкIэ цIыхухэм садэгуэшэну. СурэтыфIыр - ар цIыхум и гур хэзыгъахъуэщ, и гупсысэм зезыгъэужьщ, гъащIэм гу лъезыгъатэщ, - жеIэ Анзор.

ЩIалэм Iэмал иIэщ сурэтым философие хилъэгъуэну. Ари цIыхупсэм и къулеягъэм и зы нэщэнэщ.

- Къапщтэмэ, философием щыщщ сурэт гъуазджэр. Мыпхуэдэуи дыщIызгъужынут: гупсысэр къэрэндащкIэ къэгъэлъэгъуэныр - ар гум къыбгъэдэкIыу гум нэсыф бзэ щхьэхуэщ. ТхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ хьэрфхэр я Iэмалщ, макъамэтххэм макъым къыхащIыкI телъыджэ, сурэтыщIым Iэмалу къыхех лэчхэр - къыпещэ абы.

Анзор сыт хуэдэ сурэт лIэужьыгъуэми хуэIэижьщ, и лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэщ. Си гугъэмкIэ, дэтхэнэми гупсысэ куэд зэрегъэзахуэ абы и IэдакъэщIэкIхэм щеплъкIэ. ЦIыху сурэт щIыным, импрессионизмым, абстракционизмым, сюрреализмым, кубизмым, модернизмым я пIалъэр ещIэ, къохъулIэ. КъызэрыхигъэщымкIэ, импрессионизмым псом хуэмыдэу щIэщыгъуэ куэд хелъагъуэ. НэхъыфIу илъагъу сурэтыщIхэм ящыщщ Клод Моне, Камиль Писсаро, Альфред Сисслей, Пьер Огюст Ренуар, Рафаэль Санти, Леонардэ да Винчи, Пинтуриккьо, Диегэ Веласкес сымэ. Иджырей сурэтыщIхэм къахегъэщхьэхукI Бэнкси, Джефф Кунс сымэ.

Жанр псоми хэзагъэ пэтми, сурэт гъуазджэм къыхиха дунейм езым и гупсыси щипсыхьыжащ. Езыри арэзы тохъуэ апхуэдэ гупсысэм:

- Си дуней еплъыкIэр япэ итщ, сурэт щысщIым деж. Илъэс куэд хъуауэ а IэщIагъэм сыщыхэлэжьыхькIэ, дауи, си хъэтIи зэзгъэпэщыжащ. СурэтыщIым и хъэтIыр ар езыр-езырурэ абы и лэжьыгъэхэм къыхэIущIыкIа хъу гупсысэщ. А гупсысэр гум и лъагъуэм кърокIуэ.

Фияпщэ Анзор республикэм къыщацIыху, и IэдакъэщIэкIхэр зи гум дыхьэхэр куэд мэхъу, абы теухуа тхыгъэхэр газетхэми къытехуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэ гупсысэм сурэтыщIым гулъытэ зэрыхуищIыр, лъэпкъым и дунейр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэр куэду зэриIэр. Абы и IэдакъэщIэкIым зыщыхуагъазэ щыIэщ зи лэжьыгъэр лъэпкъ Iуэхум тегъэпсыхьахэр. «Нартские чтения» теленэтыным Анзор и лэжьыгъэхэр хагъэувауэ щытащ. ТхылъитI сурэтхэмкIэ игъэщIэрэщIэнуи къыхуихуащ: зыр детективщ, адрейр художественнэщ. Адыгэ фэилъхьэгъуэхэр дыным, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ лэрыпсхэр, тхьэгъухэр, Iэлъынхэр, щыгъэхэр щIыным тегъэпсыхьауэ щыIэ «Макза» адыгэ брендыми дэлэжьащ. Ар къызээзыгъэпэща Мэкъуаш-Бырхьэм Заирэ ид футболкэхэм яхэтщ Фиапщэм и сурэткIэ гъэщIэрэщIа: «Удж» зыфIища сурэтыр зытещIыхьа фэилъхьэгъуэр адыгэпсэ зиIэ ныбжьыщIэхэм зыIэрагъэхьэ. ЗэрыжиIэмкIэ, фIэфIщ IэпэIэсэхэм, IэпщIэлъапщIэхэм, макъамэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр зыгъэIэкIуэлъакIуэхэм якIэлъыплъыну, апхуэдэхэм я гупсысэкIэр фIэгъэщIэгъуэнщи.

Тхылъ еджэнуи фIэфIщ. Куэдрэ зэдаIуэ макъамэхэри зэхуихьэсауэ иIэщ - абыхэм, дауи, яхэтщ адыгэ уэрэдхэри. Художественнэ тхыгъэхэм я гугъу щищIкIэ, я цIэр къреIуэ Экзюпери, Пастернак, Гессе сымэ. Лао Цы, Конфуций, Омар Хайам сымэ я философием дехьэх.

Анзор иджырей сурэтыщIщ. Ар IупщI къыпщащI и IэдакъэщIэкIхэм. И къуажэгъухэм цIэ лейуэ къыфIащащ «Ди Пикассо». И лэжьыгъэхэм цIыхухэр щигъэгъуэзэнымкIэ интернетыр Iэмалыф Iщ. И IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ псалъэ гуапэхэр, хъуэхъухэр къыхуатх къэзыцIыхухэми и сурэтхэр зигу дыхьахэми. СурэтыщI цIэрыIуэ куэдым ядэщIыгъуу и цIэр напэкIуэцI гуэрым къызэрыщалъэгъуар игу къегъэкIыж:

- Зэгуэрым си напэкIуэцIым зы бзылъхугъэ къихьэри, си IэдакъэщIэкIхэм еплъащ. Сэри езым и напэкIуэцIым сихьати, музейхэм щахъумэ гъэтIылъыгъэхэм триха сурэтхэр, видеотеплъэгъуэ кIэщIхэр куэду итт, инджылызыбзэкIэ хэзыгъэгъуазэ мащIи кIэщIэтхауэ. И мыхьэнэр къызгурыIуэн хуэдизу иджылызыбзэр зэздзэкIыурэ абыхэм ящыщ сыкъеджащ. Си лэжьыгъэхэм къахихаи ирилъхьащ и напэкIуэцIым, гъуазджэр зылъытэ гуэрти. Сурэтхэм кIэщIитхахэр зызодзэкIри, сурэтыщI телъыджэхэм сарегъапщэ: «Пикассо, Клод Моне, Ван Гог, Модильяни сымэ языхэзым я щIэблэ хуэдэщ», - къысхужиIэрт. Апхуэдэ псалъэхэр сэ дауэ си гуапэ мыхъунрэ?!

Фияпщэм сурэт щищIкIэ, и псэрщ нэхъыбэу хэлэжьыхьыр:

- Теплъэ дахэ гуэрым сурэт тепщIыкIыныр, а плъагъум ещхьыркъэпсу пщIынракъым нэхъыщхьэр. Псалъэм папщIэ, щIыуэпсым и плIанэпэ уи гум дыхьауэ абы теплъэ тепщIыкIмэ, а уи лэжьыгъэм къыщыбгъэлъэгъуэнур уэ езым уи гупсысэрэ уи еплъыкIэрэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уи псэм и щытыкIэщ а сурэтым къытещын хуейр. Армыхъумэ, плъагъум ещхьыркъэпс пщIынумэ, ар щыIэххэщи, еплъ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

# Пашэхэм ящыщщ

**УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм Урысейм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ щыжиIащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр пашэу къалъыта щIыналъипщIым зэращыщыр.**

ВИЦЕ-ПРЕМЬЕРЫМ къызэрыхигъэщамкIэ, лъэпкъ проектхэм къагъэувхэр нэсу щызрагъэхъулIащ Москва, Санкт-Петербург, Севастополь къалэхэм, Калининград, Калугэ, Мурманск, Псков, Тулэ, Тюмень щIыналъэхэм, Мордовие, Тэтэрстан, Къырым, Шэшэн, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, апхуэдэу Ямало-Ненецкэ автоном округым.

Лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэм ящыщу мыхьэнэ нэхъ ирит у Голиковэм къихигъэщащ цIыхухэр нэхъ гъащIэ кIыхь, къалъхуагъащIэ сабийуэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар.

Апхуэдэу жиIащ балигъхэмрэ сабийхэмрэ я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ, къалъхуагъащIэхэм япкърыт узыфэр къэхутэнымкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэр ухуэным, зыхуей хуэгъэзэжыным, зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщыным, санитар автотранспортхэр къэщэхунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр.

«Медицинэ IуэхущIапIэхэр зыпэрыт IэнатIэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къонэж. Апхуэдэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм бжыгъэ технологиехэр къыщагъэсэбэпыным нэхъ жыджэру иужь итыпхъэщ, телемедицинэм зегъэужьынми мыхьэнэшхуэ иIэщ», - жиIащ Голиковэ Татьянэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

## Дунейм щыхъыбархэр

**Мэлыжьыхьым и 25**, *щэбэт*

♦**Техьэгъуэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**ДНК-м и дунейпсо махуэщ**
♦**Адыгэ ныпым и махуэщ**
♦**1920 гъэм** Налшык япэ медицинэ IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.
♦**1913 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лъостэн Исуф**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къуэдз Iэбубэчыр**.
♦**1953 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Щэрмэт Людмилэ**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, къэрал лэжьакIуэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 26**, *тхьэмахуэ*

♦**Радиацэ къэхъукъащIэхэм я зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**ЦIыху акъылым къилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Нотариат IэнатIэм и махуэщ**
♦**1952 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу хахащ.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ АР-м и политикэ лэжьакIуэ, театровед, журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьэлахъуэ Светланэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 27**, *блыщхьэ*

♦**Урысей парламентаризмэм и махуэщ**.
♦**1906 гъэм** лэжьэн щIидзащ Урысейм и Къэрал Думэм.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхъуэ Басир**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ шэрджэс политик, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ **Къэзанокъуэ Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 19: 9-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 22-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

*Мэлыжьыхьым* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 571-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2875-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ**:

## ЛIыхъужьым и лIыгъэр къэрабгъэм и псэлъафэщ.

### Ящэ

Метр зэбгъузэнатIэу 100 хъу дачэ унэ ящэ. УэздыгъэкIэ къызэгъэпэщащ (дыгъэм и къарум игъэлажьэ батарейкэхэр), газыр ешэлIащ, хуабэщ, псыкъуий иIэщ. ЩIапIэр сотыхи 6,5-рэ мэхъу. УасэкIэ дызэгурыIуэнущ.

ХэщIапIэр: Налшык къалэ, Горнэ хьэблэ, Солнечнэ уэрам, унэ №134.

Телефоныр: 8-928-081-85-50

## Мэрем, накъыгъэм и 1

**Первый канал**

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «БЕЛЫЕ РОСЫ» (16+)
**08.00** Х/ф «ВЕРНЫЕ ДРУЗЬЯ» (16+)
**10.15** Х/ф «ЖЕНИТЬБА БАЛЬЗАМИНОВА» (0+)
**12.15** Х/ф «ТАБОР УХОДИТ В НЕБО» (16+)
**14.10** Х/ф «БЕЛОЕ СОЛНЦЕ ПУСТЫНИ» (16+)
**15.50** Д/ф «Империя. Александр I» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Александру Зацепину - 100!» Концерт (0+)
**21.00** «Время»
**21.35** КВН. Высшая лига (16+)
**23.55** Х/ф «Я ДЕЛАЮ ШАГ» (16+)
**01.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**Россия 1**

**03.45** Т/с «ДНЕВНИК СВЕКРОВИ» (16+)
**10.10** Сто к одному
**11.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** Большой праздничный концерт «Песни русского мира»
**13.20** «Измайловский парк». Большой юмористический концерт (16+)
**15.15** Х/ф «ИВАН ВАСИЛЬЕВИЧ МЕНЯЕТ ПРОФЕССИЮ» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «ПЕРВЫЙ НА ОЛИМПЕ» (16+)
**23.25** Х/ф «ЧЕМПИОН МИРА» 1
**02.10** Большой праздничный концерт «Песни русского мира»

**НТВ**

**05.30** Х/ф «ОТСТАВНИК. ОДИН ЗА ВСЕХ» (16+)
**07.25** Х/ф «ОТСТАВНИК. СПАСТИ ВРАГА» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** Х/ф «ОТСТАВНИК. СПАСТИ ВРАГА» (16+)
**10.20** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**16.20** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**19.30** Т/с «ПСЫ И ВОЛКИ» (16+)
**23.20** Концерт, посвященный 95-летию поэта Леонида Дербенева (12+)
**01.35** Д/ф «Леонид Каневский. Народный артист» (16+)
**02.40** Х/ф «ЧЕЛОВЕК НИОТКУДА» (18+)

**Звезда**

**06.00** Х/ф «ЦИРК» (16+)
**07.55, 09.20** «Не факт!» (12+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**10.20, 13.20** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**16.50** Х/ф «ОВЕЧКА ДОЛЛИ БЫЛА ЗЛАЯ И РАНО УМЕРЛА» (16+)
**19.30** Х/ф «КУБАНСКИЕ КАЗАКИ» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.55** Х/ф «СОЛОМЕННАЯ ШЛЯПКА» (16+)
**03.00** Х/ф «ЦИРК» (16+)
**04.30** Х/ф «КОГДА Я СТАНУ ВЕЛИКАНОМ» (16+)

**Россия К**

**06.30** М/ф «Приключения волшебного глобуса, или Проделки ведьмы»
**08.00** Д/ф «Роман в камне»
**08.30** «Проснись и пой!». Спектакль Театра сатиры. Запись 1974 года
**10.10** Д/ф «Открывая Россию. Здравница русской культуры»
**11.05** Х/ф «СТАРИКИ-РАЗБОЙНИКИ» (16+)
**12.35** Д/с «Отцы и дети»
**13.05** Д/с «Страна птиц»
**13.50** Гала-концерт Международного фестиваля народной песни «Добровидение»
**15.30** Х/ф «ОНА ВАС ЛЮБИТ» (16+)
**16.55** Д/ф «Сюжеты вокруг сюжетов. Брат мой - враг мой»
**17.50** Х/ф «ВЕРНЫЕ ДРУЗЬЯ» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «МЫ ИЗ ДЖАЗА» (16+)
**21.10** Д/ф «Мы из джаза». Проснуться знаменитым»
**21.55** «Признание в любви». Концерт группы «Кватро» в Московском международном Доме музыки
**23.10** Х/ф «КАРП ОТМОРОЖЕННЫЙ» (16+)
**00.50** Д/с «Страна птиц»
**01.35** Д/с «Искатели»
**02.20** М/ф «Мультфильмы для взрослых»

**Матч!**

**06.00** «Чемпионат мира-**2026**. Обратный отсчет» (12+)
**06.55** Прыжки в воду. Кубок мира. Суперфинал. Женщины. Синхронные прыжки. Трамплин **3** м. Прямая трансляция из Китая
**07.55, 09.30** Новости
**08.00, 14.05, 17.45, 01.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.35** «Небесная грация» (6+)
**09.55** Прыжки в воду. Кубок мира. Суперфинал. Женщины. Синхронные прыжки. Вышка. Прямая трансляция из Китая
**10.50** Синхронное плавание. Кубок мира. Дуэты. Прямая трансляция из Китая
**12.10** Регби. «Динамо» (Москва) - «Локомотив-Пенза». Чемпионат России. Прямая трансляция
**14.30** Хоккей. «Ак Барс» (Казань) - «Металлург» (Магнитогорск). Фонбет. Чемпионат КХЛ. **1/2** финала. Прямая трансляция
**19.00** Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Динамо» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**21.50** Футбол. «Жирона» - «Мальорка». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.00** Профессиональный бокс. IBA. Прямая трансляция из Калининграда. Битва тяжеловесов
**02.05** Баскетбол. молодежная лига ВТБ. Финал четырех. Единая (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** География спорта (12+)
**04.25** «Дело №» (16+)
**04.55** «Формула-**1**. Гаснут огни» (12+)
**05.25** Синхронное плавание. Кубок мира. Дуэты. Прямая трансляция из Китая

## Щэбэт, накъыгъэм и 2

**Первый канал**

**05.10** Х/ф «БЕЛАЯ НОЧЬ, НЕЖНАЯ НОЧЬ...» (16+)
**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «БЕЛАЯ НОЧЬ, НЕЖНАЯ НОЧЬ...» (16+)
**07.00** Х/ф «ТАБОР УХОДИТ В НЕБО» (16+)
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.15** «Хочется праздника. «Батюшка Егорий» (12+)
**11.10** «Вспомнить все» (12+)
**12.15** Поехали! (12+)
**13.10** Т/с «ШИФР» (16+)
**17.05** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Ежегодная церемония вручения премии «Шансон года» (12+)
**00.15** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**Россия 1**

**04.30** Х/ф «ПОД ОДНОЙ КРЫШЕЙ» (16+)
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.45** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.15** Х/ф «ИВАН ВАСИЛЬЕВИЧ МЕНЯЕТ ПРОФЕССИЮ» (16+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Аншлаг и Компания» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «УЧИЛКА» (16+)
**00.40** Х/ф «УПРАВДОМША» (16+)

**НТВ**

**04.15** Х/ф «ОТСТАВНИК. ЗАЩИТА ДЕДОВА» (16+)
**06.55** Х/ф «ОТСТАВНИК. БЛИЖНИЙ БОЙ» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** Х/ф «ОТСТАВНИК. БЛИЖНИЙ БОЙ» (16+)
**10.20** Х/ф «ОТСТАВНИК. БЛИЖНИЙ БОЙ» (16+)
**11.00** «Однажды...» (16+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**16.20** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**18.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** Т/с «ПСЫ И ВОЛКИ» (16+)
**23.20** Девятая ежегодная музыкальная премия «Жара Music Awards» (12+)
**02.20** Х/ф «ОЧЕНЬ СИНЯЯ БОРОДА» (16+)

**Звезда**

**06.00** Х/ф «ЗОЛОТЫЕ РОГА» (16+)
**07.30** Х/ф «ВЕЧЕРА НА ХУТОРЕ БЛИЗ ДИКАНЬКИ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Легенды музыки» (12+)
**11.35** «Легенды кино». Тамара Носова (12+)
**12.25, 13.20** Х/ф «УЛИЦА ПОЛНА НЕОЖИДАННОСТЕЙ» (16+)
**14.20** Х/ф «КАЛАЧИ» (16+)
**16.00** Х/ф «РАЗМАХ КРЫЛЬЕВ» (16+)
**18.00, 19.25** Х/ф «ПРИСТУПИТЬ К ЛИКВИДАЦИИ» (16+)
**21.25** Х/ф «ДРУЖБА ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**23.25** Х/ф «КУБАНСКИЕ КАЗАКИ» (16+)
**01.35** Х/ф «СВАДЬБА С ПРИДАНЫМ» (16+)
**03.25** Х/ф «СОЛОМЕННАЯ ШЛЯПКА» (16+)
**05.30** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)

**Россия К**

**06.30** М/ф «Конек-Горбунок»
**07.50** Х/ф «ОНА ВАС ЛЮБИТ» (16+)
**09.15** Мы - грамотеи!
**09.55** Д/ф «Исторические курорты России»
**10.25** Х/ф «МЫ ИЗ ДЖАЗА» (16+)
**11.50** Д/с «Земля людей»
**12.20** Д/с «Отцы и дети»
**12.50** Д/с «Страна птиц»
**13.30** молодых исполнителей «Русский балет»
**15.20** Рассказы из русской истории
**16.20** Песня не прощается... 1978
**17.25** Д/ф «Артек»
**18.10** Х/ф «НЕПОДДАЮЩИЕСЯ» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «СТАРИКИ-РАЗБОЙНИКИ» (16+)
**21.15** Т/сф «ЛЮСЯ. ПРИЗНАНИЕ В ЛЮБВИ»
**23.10** Х/ф «ВА-БАНК» (16+)
**00.50** Д/с «Страна птиц»
**01.30** Х/ф «НЕ СОШЛИСЬ ХАРАКТЕРАМИ» (16+)
**02.50** М/ф «Жили-были»

**Матч!**

**06.00** Синхронное плавание. Кубок мира. Дуэты. Прямая трансляция из Китая
**07.05** Прыжки в воду. Кубок мира. Суперфинал. Мужчины. Трамплин **3** м. Прямая трансляция из Китая
**07.55** Новости
**08.00, 17.00, 21.15, 00.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.55** Синхронное плавание. Кубок мира. Смешанные дуэты. Прямая трансляция из Китая
**10.40** «Специальный репортаж» (12+)
**11.00** Смешанные единоборства. Дж. Д Маддалена - К. Пратес. UFC. Прямая трансляция из Австралии
**18.00** Футбол. ЦСКА - «Зенит» (Санкт-Петербург). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**21.50** Футбол. «Осасуна» - «Барселона». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.05** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Рязани (6+)
**02.05** Регби. «Слава» (Москва) - «Красный Яр» (Красноярск). Чемпионат России (12+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Магия большого спорта (12+)
**04.25** Синхронное плавание. Кубок мира. Соло. Прямая трансляция из Китая

## Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 3

**Первый канал**

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая!
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.10** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.10** «Видели видео?» (0+)
**14.15** Х/ф «МЭРИ ПОППИНС, ДО СВИДАНИЯ». К 70-летию Натальи Андрейченко (16+)
**16.55** «Эксклюзив» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «До Ре» (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**Россия 1**

**04.25** Х/ф «ПОЛЦАРСТВА ЗА ЛЮБОВЬ» (16+)
**06.00** Х/ф «ЗАЕЗЖИЙ МОЛОДЕЦ»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Веселые ребята» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

**НТВ**

**04.55** «Последний герой»
**06.40** «Центральное телевидение»
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** Д/ф «Инженеры Победы»
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**16.20** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**18.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** Итоги недели
**20.20** Т/с «ПСЫ И ВОЛКИ» (16+)
**23.30** VIII церемония награждения лауреатов Международной профессиональной музыкальной премии «Bravo» в сфере классического искусства (12+)

**Звезда**

**06.00** Д/с «Сделано в СССР» (12+)
**06.15** Х/ф «ПРИСТУПИТЬ К ЛИКВИДАЦИИ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Алексей Лопатин (12+)
**11.30** «Легенды госбезопасности». «Юрий Андропов. Рыцарь холодной войны» (16+)
**12.20** «Война миров». «Битва разведок. Как агенты МИ-6 пытались развалить советскую республику» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого» (16+)
**14.45** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.35** Д/с «Секретные материалы»
**16.25** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Британский аристократ и советский разведчик Гай Берджесс» (12+)
**17.10** «Легенды разведки». «Моррис и Леонтина Коэны» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой
**19.45** Д/с «Незримый бой» (16+)
**21.25** Торжественная церемония награждения «Горячее сердце»
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.50** Х/ф «РАЗМАХ КРЫЛЬЕВ»
**01.35** Х/ф «ВЕЧЕРА НА ХУТОРЕ БЛИЗ ДИКАНЬКИ» (16+)
**02.40** Х/ф «УЛИЦА ПОЛНА НЕОЖИДАННОСТЕЙ» (16+)
**03.50** Х/ф «ЗОЛОТЫЕ РОГА» (16+)

**Россия К**

**06.30** М/ф «Мультфильмы»
**07.40** Х/ф «ВЕРНЫЕ ДРУЗЬЯ» (16+)
**09.20** Тайны старого чердака
**09.50** Диалоги о животных
**10.30** Х/ф «НЕПОДДАЮЩИЕСЯ»
**11.50** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**12.20** Д/с «Страна птиц»
**13.15** М/ф «Мультфильмы»
**13.55** Гала-концерт «Шаинский фест» в Государственном Кремлевском дворце
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 3**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)



# Лъэпкъ куэдым я зэхыхьэ

**Щэнхабзэр гъэсэныгъэм и зы Iыхьэу жыпIэ хъунущ. Абы псэм зыдеузэщI, цIыхур зыкIэлъегъэплъыж. Апхуэдэ лэжьыгъэщ иджыблагъэ Налшык къалэм ЩIалэгъуалэм я унэм щекIуэкIар. Абы щагъэлъэгъуащ «Настоящая» проектым хыхьэу, адыгэ, балъкъэр бзылъхугъэхэм траха фильмыр.**

АР къызэрагъэпэщащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр гъэлъэпIэным хыхьэу. Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм, хабзэхэм, анэдэлъхубзэм теухуа документальнэ фильмхэр техыныр зи жэрдэмыр «Щэнхабзэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ IуэхущIапIэмрэ «Добро.Медиа» зэгухьэныгъэмрэщ. Лэжьыгъэр 2026 гъэм и пэм зэхаублащ икIи япэ фильмыр Москва щагъэлъэгъуэну хунэсащ. Абы дегъэцIыху мордва лъэпкъым щыщ мокшихэмрэ эрзяхэмрэ я хабзэхэр. ЕтIуанэ Iыхьэр, зэрыжытIауэ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ятеухуащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщымкIэ, фильмхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхубзым и гъащIэр, къыщалъхуам щегъэжьауэ «дыжьын» ныбжьым нэсыху, зэрекIуэкIыр. ДыкIэлъагъэплъ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я цIыхубзхэм унагъуэм и мыхьэнэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ къазэрыгурыIуэм, хабзэхэр зэрахъумэм, унэгуащэм игъэзащIэ къалэнхэмрэ яхь жэуаплыныгъэмрэ. Гулъытэ хэха хуащI бзэм, лъэпкъ фащэм, щэнхабзэм. Мы Iуэхум и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхуэкIуэжыр щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыр адрейм гурыIуэу зэригъасэрщ.

«Настоящая» фильмым хыхьэу траха етIуанэ лэжьыгъэм дыщегъэгъуазэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лIэщIыгъуэкIэрэ щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэрэ щэнхабзэрэ яхъумэжу къызэрыгъуэгурыкIуам. Адыгэ цIыхубзым илъэс 12-м сыт и пщэрылъ? Илъэс 86-м-щэ? Балъкъэрхэм я щэнхабзэм и зы Iыхьэу ущытыным сыт къикIыр? Мы упщIэхэри нэгъуэщIхэри я лъабжьэу, бзылъхугъиплIым я хъыбархэмкIэ къытхуагъэнаIуэ лъэпкъитIым я щхьэхуэныгъэхэр: гъэсэныгъэр, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщIыныр, унагъуэ хабзэхэр, бзэр, IэщIагъэр, къафэр, макъамэр. Фильмым къегъэлъагъуэ щэнхабзэр псалъэ къудейуэ зэрыщымытыр, атIэ Iуэху пыухыкIахэмрэ цIыхум и Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ ар къызэрагъэщIыр.

«Хуабжьу гуапэщ ди щIыналъэм теухуа фильмыр яфIэгъэщIэгъуэну щыхьэрым къызэрыщыхахар. Республикэр цIыкIущ, ар нэхъ цIэрыIуэ мы лэжьыгъэм ищIыфынуи си гугъэщ. ФIыщIэ ин яхузощI дэ ттеухуауэ ар тезыхыну мурад зыщIахэм», - жеIэ фильмым лIыхъужь нэхъыщхьэу хэт, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ Гъэсашэ Наталье.

Фильмым хэтхэм ящыщщ Жангуразовэ Iэсияти. Ар кином нэхъапэми хэтащ, ауэ апхуэдэ лэжьыгъэ иджыщ щигъэзэщIар. Абы зеумысыж: «Фильмым сыхэтыну къызэрысхуагъэлъэгъуар, сызыпэмыплъа Iуэхут. Ар къызэхъулIэнми шэч къытесхьат, ауэ иужьым арэзы сыхъуащ. Сызыхэта едзыгъуэр Балъкъэр Ипщэм щытрахащ. ЖытIэнухэр дгъэхьэзыратэкъым, ди лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа упщIэхэм жэуап еттынырт ди пщэрылъыр. Хуабжьу узыгъэпIейтейщ фильмыр къэрал псом зэрыщагъэлъэгъуэнур, абы къыхэкIыу си дежкIэ ар жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ».

Фильмыр щагъэлъагъуэм зыкъригъэхьэлIащ «Щэнхабзэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Богдановэ Миленэ. Абы жиIащ лэжьыгъэр щытраха щIыналъэм зэрыщагъэлъэгъуэжым жэуаплыныгъэ зыхащIэр нэхъыбэ зэрищIыр, цIыхухэм ягу ирихьыну зэрыщыгугъыр.

- «Настоящая» зыфIэтща фильм пычыгъуэхэр 2026 гъэм тетхыну тедухуат ди Президент Путин Владимир нэгъабэ УФ-м и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр къыщыхилъхьам. Лъэпкъхэм я псэукIэр къэдгъэлъэгъуэну мурад тщIащ бзылъхугъэхэм я гъащIэмкIэ. Мы гъэм апхуэдэу 10 тетхынущ. Мы Iуэхум пытщэу, етIанэгъэ ди мурадщ цIыхухъухэм ятеухуа документальнэ фильм дгъэхьэзырыну. Абы, зэрыгурыIуэгъуэщи, «Настоящий» фIэщыгъэр иIэнущ, - жеIэ Богдановэм.

Фильмым еплъахэм къыхагъэщащ щIалэгъуалэм я дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэпкъ хабзэхэм дызэрыщигъэгъуазэм и мызакъуэу, щIыналъэхэм я щэнхабзэр зыхъумэ цIыхухэри зэрыдигъэцIыхур.

Лэжьыгъэхэр школхэм щыбгъэлъэгъуэну зэрыщхьэпэри жаIащ. КъызэгъэпэщакIуэхэр щогугъ апхуэдэ жэрдэмхэр сэбэп хуэхъуну ди щэнхабзэ къулейр хъумэнымрэ Урысейм и лъэпкъхэм я хабзэхэм хуащI гулъытэр ирагъэфIэкIуэнымрэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм щэнхабзэ-зыгъэпсэхупIэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Санэ Иннэ къыхегъэщ: «Мы Iуэхум псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Урысейр щIыналъэ къудейкъым, атIэ лъэпкъ, щэнхабзэ, хабзэ куэду зэхэт дунейщ. Абы щыщ дэтхэнэ лъэпкъри кIапсэ щхьэхуэм хуэдэщ, икIи ахэр щызэпыщIам и дежщ къэрал псо къызэгъэпэща щыхъур. Фильмым мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр егъэзащIэ: ар сэбэп мэхъу щIыналъэм и щэнхабзэм нэгъуэщIхэр щыгъэгъуэзэнымкIэ, Iэмал къует адрей лъэпкъхэр нэхъыфIу къэпцIыхуну, псоми я зэхуэдэ щIэинхэр уригушхуэу зыхэпщIэну».

Фильмыр мыгувэу, псори еплъыфын хуэдэу, Интернетым кърапъхьэнущ, цикл псор «Культура.рф» порталым Iэрагъэхьэнущ. НэгъуэщI лъэпкъхэм ятеухуауэ къыкIэлъыкIуэну гъэлъэгъуэныгъэхэр къэралым и адрей щIыпIэхэм щекIуэкIынущ, Москва, Орловскэ, Владимирскэ щIыналъэхэр яхэту.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# «Полк уахътыншэр» - пэIудзауэ

● Жылагъуэ

**ТекIуэныгъэм и махуэр зэрагъэлъапIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуат «Полк уахътыншэ» урысейпсо жэрдэмыр. Адэжьхэм я сурэтхэр уардэу зыIэт щIэблэм уакIэлъыплъыныр, апхуэдиз нэгур дзэ псо зэрыгъэхъуа фIэкIа умыщIэну уахэплъэныр гухэхъуэт. Тхыдэ мыхьэнэ зыгъуэта къэхъугъэхэр зыщымыгъэгъупщэныр, япэ ита нэхъыжьыфIхэм я фэеплъыр мыгъэкIуэдыныр хьэкъышхуэщ. А къалэныр къызэрымыкIуэу екIуу, зэрыжылагъуэу къызэщIиIэтэу блэкIа илъэсхэм къызэгъэпэща хъурт.**



Дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм цIыхум и шынагъэншагъэр япэ игъэщын хуейуэ щытыкIэ къэралыр зэриувэм къыхэкIыу, зи гугъу тщIа жэрдэмри щIэужьыхэжыпэ зэрымыхъунур къагурыIуэу, къулыкъущIэхэм «Полк уахътыншэр» пэIудзауэ зэрекIуэкIынумкIэ хъыбар иджыблагъэ къатащ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ хэкIуэдахэмрэ я щIыхькIэ бжыгъэр и лъабжьэу къызэрагъэпэщыну пэкIур ТекIуэныгъэм и махуэм екIуэкIынущ. Абы и къалэн нэхъыщхьэу щытынури лIэужьхэр зэпхынырщ, адэжьхэмрэ щIэблэхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнырщ.

Бжыгъэрылъанэ пэкIум ухыхьэныр Iэмал зэриIэкIэ тынш ящIащ.

1. Накъыгъэм и 6 пщIондэ polk.rf интернет напэкIуэцIым, ВКонтакте е Одноклассники утыкухэм тхыгъэ ибогъэхь, пэкIум узэрыхэтынумкIэ хъыбар ебгъащIэу.

2. Интернет напэкIуэцIхэм языхэзым уи цIэ-унагъуэцIэр иптха нэужь, плIанэпэ уиIэ мэхъу, Хэку зауэшхуэм хэтам е абы хэкIуэдам, апхуэдэу зауэщIыбым щекIуэкIа лэжьыгъэм гуащIафIэу хэтам я сурэт иплъхьэну, я хъыбар ибгъэувэну Iэмал уиIэу.

3. Iэмалыншэ хъумэ, тIорысэ хъу сурэтхэр зэрызэбгъэпэщыж хъуну Iэмалхэр къэбгъэсэбэп хъунущ: щхъуэкIэплъыкIэ пхуэщIынущ, сурэтым телъ пшагъуэр пхуэгъэкIуэдынущ, узыхуей цIыхум и нэгур щхьэхуэу къыхэбгъэжу IупщIу пхуэгъэпсынущ.

4. ЛIыхъужьым и сурэт хьэзыр хъуар абы иужькIэ узэрыт интернет напэкIуэцIым ибгъэувэ хъунущ, адэкIи бгуэшыну Iэмал щыIэнущ.

ПэIудзауэ пэкIум накъыгъэм и 9-м сыхьэт 12-м щIидзэнущ. «Полк уахътыншэр» мы гъэм езыгъэжьэнур Чукоткэмрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ щыпсэухэрщ. Абы иужькIэ чэзур Сыбырым, Уралым, Урысей Курыхым къэсынущ. Иужьрей дыдэу а пэкIум къыхыхьэфынур къэралым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Калининград щIыналъэрщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Полк уахътыншэр» япэ дыдэу 2011 гъэм къызэрагъэпэщащ. Абы и жэрдэмщIакIуэу щытар Томск къалэм щыщ журналистхэу Лапенков Сергей, Колотовкин Сергей, Дмитриев Сергей сымэщ. Илъэс зыбжанэм къриубыдэу а жэрдэмым зиубгъуат, цIыхухэми хуабжьу гунэс ящыхъуат. Апхуэдэу 2014 гъэм «Полк уахътыншэ» зи фIэщыгъэ пэкIур къэралиблым, 2016 гъэм – къэрал щэ ныкъуэм щIигъум, 2018 гъэм – кърал 80-м щекIуэкIат.

2020 икIи 2021 гъэхэм пэкIур пэIудзауэ накъыгъэм и 9-м ирагъэкIуэкIащ, цIыхухэр зэхыхьэ щIэмыхъу щхьэусыгъуэ зэрыщыIэм къыхэкIыу – пандемием и гуащIэгъуэт. 2023 икIи 2024 гъэхэм къэралыр зэрыт щытыкIэ гугъум цIыхухэр Iуву зэхэту уэрамым къыдыхьэ мыхъу ищIащ.

ПэкIум и интернет утыкухэм ирахьэну сурэтхэмрэ хъыбархэмрэ я пэжагъыр къэзыпщытэхэр щыIэнущ. Апхуэдэу тхыгъэхэм хэплъэнущ Хэку зауэшхуэм и тхыдэр зыдж щIэныгъэлIхэр, лъахэхутэхэр, егъэджакIуэхэр. Тхыдэм «щытакIэщэрэт» жыхуиIэ псалъэр фIэфIкъым. Апхуэдэ дыдэуи абы пхуехьэлIэнукъым «къызэрысщыхъумкIэ» бгъэдыхьэкIэри. Тхыдэр хьэкъым, тегъэщIапIэ лъэщхэм ятещIыхьауэ щытын хуейщ. Архив щыхьэтыгъэхэм нэхъ хэкIыпIэфI щыIэкъыми, ахэр зи гъуазэм блэкIам пцIы хилъхьэнукъым. ПэIудзауэ екIуэкI Iуэхугъуэри тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къэхъугъэхэм я джэрпэджэжщ, щIэблэм къахуэнэну жэрдэмщи, къызэгъэпэщакIуэхэм я нэIэ щIэтын хуейщ а Iуэхугъуэм щымыщ къыхэмыхьэным, тхыдэ щапхъэхэр зэрамыхъуэкIыным, гуитIщхьитIагъ къызыхэкI еплъыкIэхэр къыхамылъхьэным.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Иджырей мардэм хуокIуэ

**2025 гъэм къыхалъхьа «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий саду 3 щаухуэ мы гъэм. Лэжьыгъэшхуэхэр хуэунэтIащ я бынхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщынымкIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэным.**

Иджырей сабий садхэр щаухуэнущ Бахъсэн къалэм, Аруан щIыналъэм и Шэрэдж Ищхъэрэ, Iуащхьэмахуэ районым и Гундэлэн къуажэхэм. Ахэр псори къатитIу зэтетынущ икIи абыхэм щаIыгъыну сабийхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ щыIэ къэрал мардэхэм хуэкIуэу щытынущ. Бахъсэн къалэм и сабий садыр метр зэбгъузэнатIэу 1956,62-рэ хъунущ, Шэрэдж Ищхъэрэмрэ Гундэлэнымрэ яйхэр зэхуэдэнущ – метр зэбгъузэнатIэу 1491,84-рэ тIуми яубыдынущ.

Сабий садхэм хэтынущ цIыкIухэм щадэлэжьэну, щрагъэджэну, ахэр щагъэджэгуну пэшхэр, гуфIэгъуэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIыну актовэ залхэр, пщэфIапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЛэжьакIуэхэм къагъэсэбэпыр иджырей мардэм къитIасэ, экологиемрэ шынагъуэншагъэмрэ я лъэныкъуэкIэ узытемыгузэвыхьми хъуну, илъэс куэдкIэ зыри къызыщымыщIыну материалхэрщ. Пэшхэм щIагъэувэнури иджырей техникэщIэхэмрэ оборудованэхэмрэщ.

**ЩЭУЕЙ Былэ.**




# Хэкум ираха щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр

***Иджыблагъэ и Хэкужь щыхьэщIащ Тыркум щыпсэу адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэ, лъэпкъым ирагъэбгына щIыналъэр нэхъыжьхэм фIыуэ зрагъэлъагъуахэм ящыщ, Iэпэlэсэ, Тхыдэмрэ гъуазджэмрэ я музейуэ Кападокие къыщызэlузыха Гуэбэл Сибел (Езауэхэ я пхъурылъхущ), абы и къуэ Серкан, ипхъу Селдэ сымэ. Ар махуэ зыбжанэкIэ щыIати, и благъэ-Iыхьлыхэми хуэдэу, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ къришэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ цIэрыIуэхэр ирригъэлъагъуу. Дэри Сибел дыхуэзыгъэзари аращ. Сэралъп Мадинэ и арт-центрым щекIуэкIар зэIущIэ гуапэт, хэхэс гъащIэм иджыри зэ ухигъаплъэу, Сибел хуэдэ хэкупсэхэр диIэху дызэрыхэмышыпсыхьыжынур уи фIэщ ищIу, хамэ щIыпIэм къыщыхута адыгэхэм я псэм игъэвам щыщ зы Iыхьэ гуэру...***



● Ди хьэщIэхэр

Заринэ Сибел и гуащIэм кIэщIу къытхутепсэлъыхьащ, и ныбжьэгъухэмрэ журналистхэмри дригъэцIыхуащ.

- ХьэщIэу жыпIэ хъунукъым нобэрей ди шыпхъухэмрэ дэлъхумрэ, - жиIащ Заринэ и псалъэхэм я пэублэу. – Ахэр щIымахуэм Анкара щопсэу, гъэмахуэм Кападокие щIыналъэ дахащэм исщ. Абы щыпсэуа алыджхэр дагъэкIыжа иужь, нэщIу къэнауэ щытащ унэ куэд. Кападокием хиубыдэ Мустэфапэщэ жылэм апхуэдэ зы къыщащэхужри, хьэщIэщ ящIауэ ягъэлажьэ, и щIалэмрэ и хъыджэбзымрэ и гъусэу а Iуэхум пэрытщ. Иджыпсту фи нэгу щIэкIынщ адыгэбзэ къабзэ дыдэ зэрыIурылъыр. Ар зи фIыгъэр и сабиигъуэр щыкIуа, ди лъэпкъэгъухэр зэрыIыгъыу зэрыса Узун-Яйла щIыпIэращ. Сибел гуащэ ещI, хьэщIэщым и япэ къатыр музейщи, цIыху куэд къокIуалIэ. Тырку псом къыщащIэ а IуэхущIапIэр, фестиваль нэгъунэ щрагъэкIуэкI абдежым. Сэ сфIэгъэщIэгъуэнауэ зы Iуэху къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым. Унэ къищэхужам къыщIэнат абы щыпсэуа унагъуэм я хьэпшып, сурэт куэд. Ахэр зы къэмынэу ихъумащ Сибел, я тхьэлъэIупIэ нэгъунэ зыхуей хуигъэзауэ щытщ. И щхьэ ирилъытауэ аращ, шэч хэмылъу. Езыми и гугъу къыфхуищIынщ сэ фызыхэзгъэгъуэзахэм, фыщIэупщIэну фызыхуейIами, фагъэщIэхъункъым.

Хэгупсысыхьарэ гъуэрыгъуэу дызэпиплъыхьурэ и хъыбарым къыщIедзэ бзылъхугъэм. Шыпсэу хуэдэурэ и адэм Хэкум и хъыбар увыIэгъуэ имыIэу къажриIэу зэрыщытаращ и япэ гукъэкIыжыр.

- «Сэ сымылъагъуми, фыкIуэнурэ зэвгъэлъагъунущ хэкурысхэр. Абы фынэсмэ ятIэм, мывэм фысхуеIэб», - къыджиIэрт абы. – Илъэсипщ ипэ сыкъыщыкIуам щIымахуэт, уэс телъти, сеIусэфатэкъым. Иджы дэнэкIэ сыплъэми, щIыми, жыгми, удзми си адэр сигу къагъэкI, Iэ ядызолъэ. Тхьэм и шыкурщ сыкъызэрыкIуэфар, фэ фызэрыслъэгъуар. Хэкур щабгынэм я гум щыщIам, хамэ щIыпIэм щашэчам, я щIыналъэр зэи я гум зэримыхуам дыщыгъуазэу дыкъэхъуащ дэ. Мыбы сыкъызэрыкIуэрэ жэщкIэрэ си нэгум къыщIохьэ си адэр, абы и псалъэхэр си гум къокIыж. Къысхуэвгъэгъу фызгъэгумэщIамэ, иджы нэхъ дахэхэр вжесIэнщ, - жеIэ си нэпсыр къызэрысфIежэхам Сибел гу щылъитэкIэ.

Ищхьэкlэ зэрыщыжытIащи, Узун-Яйла щIыпIэм къыщалъхуащ, и ныбжьыр илъэс 15 хъухукIэ къуажэм щыпсэуащ. Адыгэ къуажэ 13 нэхъ зэгъунэгъум щыпсэухэр джэгу яIэми, гузэвэгъуэ къалъыкъуэкIми зэхыхьэхэрт. Ахэр зэрилъэгъуамкIэ насыпыфIэу зыкъелъытэж Сибел.

- Си анэм гуащэ цIыкIу хъыданкIэ тхуищIырти, шыпсэ дахэхэр пщыхьэщхьэкIэрэ къыджиIэрт. Шыпсэу хъуами я лъабжьэр мыбыкIэ икIа гуэрхэт. Мэзым щIэта зыгуэрхэм я гугъу щищIкIэ, къызгурыIуэртэкъым. Зы жыг закъуэ щымыкI щIыпIэм къыщалъхуа сэ мэз сцIыхурэт?! «КъысхуэщIэркъым, мэзыр лIо?» - жысIэу сыщеупщIкIэ: «Уи нэр уфIынцIи плъагъунщ», - къызжаIэрт. Пэж дыдэуи си нэгу къыщIыхьэрт. А шыпсэхэм седаIуэурэ, ди адэм и тхъылъхэм сеплъурэ балигъ сыхъуащ. Иджы абыхэм яхуэфащэу сыт сщIэфынур жысIэу сыгупсысэрт си сабийхэр здэспI-здезгъаджэм. Си анэм ищIу щыта гуащэхэм хуэдэ си цIыкIухэм яхуэсщIу къыщIэздзащ, си адэ-анэм хуэдэу шыпсэхэр яжесIэурэ гуащэхэм я цIэхэм есащ. Иужьым къакIуэ-накIуэхэм, гъунэгъухэм ягъэщIагъуэрти, нэхъри сытегушхуэу сыхуежьащ. Зэхуэс, фестиваль гуэрхэр щыIэн хуей хъухукIэ къызэджэу щIадзащ. Си IэрыкIхэр згъэлъагъуэрт, гуащэхэм я гугъу яхуэсщIырт. Къызэхуэсхэм яфIэгъэщIэгъуэнт, «дауэ пщIа, хэт уигу къигъэкIа?» жаIэу. Си анэм и шыпсэхэмрэ си адэм и тхылъхэмрэ зэралъабжьэр яжесIэрт. НэхъыфI сщIа зэрыхъунум сегупсысурэ гъэщIэгъуэн дыдэу зыгуэрым сыхуэзащ. Гуащэ щIыкIэм ехьэлIа IэщIагъэ гуэр щыIэщ Тыркум, кIуэдыжауэ, зыми ямыщIэжу. Гъуэгубгъухэм банэ Iутщ, абыхэм я щIагъым жыг тхьэмпэм ещхьу зыгуэр щIэтщ. Ар зэпыбгъэжмэ, шэм хуэдэу тkIуаткIуэ гуэр къыщIокI. Ар цIыкIу-цIыкIуу зэпыбгъэжрэ бгъэгъумэ, шхэпс телъыджэ мэхъу. АбыкIэ зэкIэрыбгъэпщIар зэманми псыIагъэми щышынэркъым, и фэми зихъуэжыркъым, къэпIэткIи зэкIэрыхужыркъым, нэхъыщхьэжращи, фыркъым. Дэнэ ухуеймi хьы. АбыкIэ зэкIэрыбгъапщIэр бжьэхуцщ, зыгуэрым епшэкIыурэ, зэ лъакъуэ-Iэхэр, итIанэ напэр, апхуэдэурэ бощI. Зэхубохьэсыжри, дыгъэм дыболъхьэ, махуэ бжыгъэкIэ е зы мазэкIэ мэгъу. ИтIанэ пцIэлэжурэ цIыху теплъэ иботыж, щыгъынхэр яхубодыж, - жеIэ Сибел.



ЩыгъынхэР къызыхэха щэкIхэри иджы щыIэхэм зэремыщхьыр нэм къыIуедзэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, и анэм, и анэшхуэм къащIэнауэ щытахэм къыхищIыкIыу хуежьащ ахэр Сибел. ИужькIэ а гуащэхэр зылъэгъуахэм езыхэм яIэхэри къыхуахьу щIадзэри, тхъэжауэ ахэми гъащIэ ярет.

ГуащитI къиишащ бзылъхугъэм Налшык. СтIолыщхьэм къытригъэуващ бжэщхьэIум тес нанэмрэ абы къыщхьэщыт нысащIэмрэ. Сибел абыхэм ятепсэлъыхьын щIидзэху ахэр къызэрыгуэкIщ, ауэ... Зэнысэзэгуащэщ ахэр, нысащIэр Сибел и анэм и анэращ, нанэр и адэшхуэм и анэщ. И анэшхуэмрэ адэшхуэмрэ зэрышэри, мазитху нэхъ дэмыкIыу зауэм яшащ щIалэр. ЩыдэкIым и щхьэгъусэм жреIэ, жи: «Си анэжьым сыкъэкIуэжыху кIэлъыплъ». Апхуэдэуи ещIэ. ЩIалэр илъэсиблкIэ мэкIуэд, и хъыбар ямыщIэу. Къуэр къызэрыт махуэхэр, мазэхэр, илъэсхэр дауэ ибжыну фызыжьым, езыми и нысэми тхэкIэ-еджэкIэ ящIэркъым. Мыпхуэдэу къегупсыс: кIапсэ ирещIэри гъущIIунэ бжэм фIедзэ. Пщэдджыжь къэс бжэIупэр къыщипхъэнкIкIэ, «нобэ гуэрым къэкIуэжакъым», - жиIэурэ бжэм зы екъуа кърéтхъ. Апхуэдэурэ щIыхьэпIэбжэр зэрыщыту кърихъащ. Зы махуэ гуэр апхуэдэу ищIри щIыхьэжауэ, бжэм зыгуэр къытоуIуэ. КъыIуихмэ, тхьэмыщкIэу, и щхьэцхэр хужьыбзэу тхъуауэ зылI щытщ. «Езауэ Хьэжбэчыр и унэм солъыхъуэ», - жи. «Уи псэм къурмэн сыхухъу, си щIалэ. Абы и унэр мыращ, зауэм кIуэуэ къызэримыгъэзэжрэ илъэсибл мэхъу. И хъыбар пщIэмэ, плъэгъуамэ къызжыIэ», - щыжиIэкIэ, «Езауэ Хьэжбэчыр плъагъуну ухуеймэ, сэ къызэплъ, ди анэ», - къыжреIэ. Апхуэдэу и унэ къихьэжауэ щытащ Сибел и анэмкIэ и адэшхуэр. «Зэхэсхахэр, слъэгъуахэр, къэхъуауэ къызжаIэжахэр я лъабжьэу сщIауэ аращ гуп-гупурэ зэхэдза си гуащэхэр. Абыхэм я бжыгъэр миниплIым ноблагъэ. ЩIыпIэ зыбжанэм сшащ, иджыри зыфIэгъэщIэгъуэн щыIэмэ, си гуапэу езгъэлъагъунущ, сахутепсэлъыхьынущ», - жеIэ Сибел.

Гуащэхэм нэмыщI, музейм щIэлъщ и адэшхуэм и адэр Хэкум щикIам щыгъуэ здыриха къамэ, бгырыпх, дыжьын хьэпшып хуэдэхэм ящыщу къэнахэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, куэд ящэн хуей хъуащ и адэшхуэм и адэр лIэуэ и адэшхуэм дзэм къулыкъу щыщищIа илъэсиплIым унэм лэжьыгъэншэу къыщIэна бзылъхугъэхэм, шхын кърагщэхун щхьэкIэ. Хамэ къэралхэм къикIыу хьэщIэщым екIуалIэхэм ящIэ абы гуащэм увыпIэшхуэ зэрыщиубыдыр, гуащэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхуахь Сибел. Абыхэми я увыпIэ щагъуэт музейм. ЮНЕСКО-м цIыхуцIэ зиIэм я хъугъуэфIыгъуэу къилъытахэм ящыщщ IуэхущIапIэри езы Сибели.

Арт-центрыр зей дэрбзэр Iэзэ Сэралъп Мадинэ Сибел жриIащ, и IуэхущIапIэм гуащэхэр щигъэлъагъуэмэ зэригуапэр. ЩIымахуэм нэхъ зэрыхущIыхьэм къыхэкIыу, а пIалъэр яубзыхуащ бзылъхугъэр иджыри зэ IуэхукIэ къытхуэкIуэжыну. Дыпэплъэнущ а пIалъэм.

ТIэкIу япэ силъадэу жысIэнщи, зэIущIэр иуха иужь къызбгъэдыхьэри (Заринэ дригъэцIыхуауэ газетым сызэрилэжьакIуэр зэрищIэр арагъэнщ) мащIэу дызэпсэлъати, жиIащ дэ тхузэфIэкIыр лъэпкъым хуэтщIэн зэрыхуейр, абы къыдекIуэкI хабзэхэр, IэщIагъэхэр, икIэм-икIэжым бзэр тхъумэн папщIэ тхузэфIэкI псори тщIэну дызэрихьэкъыр. «Налшык щыпсэухэм гуащэхэр ялъагъумэ, абыхэм я хъыбархэр зэхахмэ, ди адыгэпсэр зэрымыкIуэдыр иджыри зэ я фIэщ хъунщ», - жиIащ хьэщIэм, и нэпсым къызэпижыхьауэ.

Сибел и бынхэр япэу къакIуэу аращ Хэкум. Ар ягу зэрыдыхьам и щыхьэту, жаIэ зэрыщыIа махуэ бжыгъэр къазэремэщIэкIар, иджыри къытрагъэзэну зэрыхуейр.

- Ди анэм къытхилъхьэ щэнхабзэр куууэ зыхэтщIэу дыкъэхъуащ дэ. Бзэр дымыщIэми, адыгэ хабзэм хыдощIыкI. Налшык ди нэкIэ зэрытлъэгъуар гуфIэгъуэшхуэщ ди дежкIэ, ар икъукIэ дахэщ. Псом нэхърэ нэхъ гуапэр цIыхухэм къыдаха хьэщIагъэмрэ абыхэм я гур зэрызэIухамрэщ. Зэи си фIэщ хъунтэкъым адыгэ щэнхабзэм и дахагъэр хэкурысхэм апхуэдизу ядэплъагъуу. Иджыщ нэсу къыщызгурыIуар си анэм и псалъитIым я зыр Хэкур арауэ щIыщытыр. Уеблэмэ псэкIэ нэхъ пэгъунэгъу сыхъуауэ къысщохъу ди анэм, - жеIэ Сибел ипхъу Селдэ. – Iей лъэпкъ игу къэкIыркъым мамэ зэи, икIи къысщыхъурт ар зэпIэзэрыту Iуэхум бгъэдэмыхьэфу. Иджы къызгурыIуащ ар къызыхэкIыр: абы и лъым хэлъ щэнхабзэм цIыхугур къызэIуимыхынкIэ Iэмал иIэкъым. Ар ди унагъуэм и дежкIэ хъугъуэфIыгъуэшхуэщи, си гугъэщ тхуэхъумэну.

Селдэ Босфор университетым политикэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ, Тыркум щыIэ европей зэгухьэныгъэм и посольствэм щылэжьащ. Абы къыIукIыжауэ я унагъуэ хьэрычэт Iуэхум пэрытщ.

Сибел и щIалэ Серкан и IэщIагъэкIэ режиссёрщ, кином и тхыдэр иджащ. Пэш щхьэхуэ я хьэщIэщым щиIэщи, фильму, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэу, и лэжьыгъэм епха гуэру абы щIэмылъыр укIуэдыж. Серкан псалъэ щратым жиIащ и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр къигъэнауэ хьэщIэщ Iуэхум зэрыпэрытыр, музейр зыхэт, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ унэр илъэсих хъуауэ тIэкIу-тIэкIуурэ зыхуей зэрыхуагъазэр. Апхуэдэуи и анэр зэлIалIэ гуащэ IэрыщIым и тхыдэр къызэритIэщIыным иужь итщ, хьэтитхэм я IэщIагъэу щытауэ хуэгъэфэща гуэрхэр зэрыщыIэри ещIэ.

- Ди музейр лъэпкъ куэдым зэдай IуэхущIапIэ зэрыхъуам сыщогуфIыкI хуабжьу. Къэрал куэдым Iуэху ядыдощIэ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейщ си анэм теухуа документальнэ фильм зэрытесхыр. НетIэ зи гугъу фщIа зэIущIэм, гуащэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къыщытшэнум ирихьэлIэу, лэжьыгъэр и кIэм нэзгъэсынщи, ари Налшык щыдгъэлъэгъуэнщ. Музейм теухуа нэтын кIэщIи къыздэтшэну фыкъызогъэгугъэ, - жиIащ Серкан.

**ИСТЭПАН Залинэ.**




**• Псэущхьэхэм я дуней**

# Псым итхьэлэр кърагъэлыф



Хыбжыр тенджыз ФIыцIэм куэду хэсщ, зи быныр шэкIэ зыпI псэущхьэщ. И инагъыр метрищым нос. И тхыцIэм мажьэ тетщ, и кIэми пытщ.

Хыбжым нэхъ «акъылыфIэ» псым хэс псэущхьэхэм яхэмыту щIэныгъэлIхэм къалъытэ. Псым къарууншэ щыхъуа цIыху ирихьэлIэмэ, абыхэм къыхахыж. КъызэрахутамкIэ, езыхэр зэрызэрыщIэ макъ щхьэхуи яIэщ. Псалъэ зэхахари, дыдыкъушым ещхьу, ягъэIужыф.

Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи псым зэрыщыпсэуным хуэщIащ, псынщIэ дыдэуи йос, гуп-гупурэ зэгъусэщ. Хыбжхэр илъэс 30-м нэблагъэкIэ мэпсэу.

**• Теплъэгъуэ**

## Анэш нанэм и фэеплъ

Анэшыр псоми фIыуэ ялъагъу. Анэшыр IэфIщ. Анэш нани, анэш дади, анэ дэлъхуми, анэ шыпхъуми уагъатхъэ, уагъафIэ. Нэхъ IэфIыр уагъэшх, нэхъ щабэм ущагъэжей, хуабэу къодэхащIэ, уи щхьэфэм Iэ къыдалъэ, уи нэкIущхьэм гуапэу къытолъэщIыхь...

Си анэм пхъэ хьэкъущыкъу и куэдт. Пхъэ шынакъ, хъуп, бжэмышх, бэлагъ, шынакъжьей, бжьыныхууб, нэгъуэщI кумбыгъэ зэмыщхьхэри. ИфIэфIыпсу зэрихьэрт. Абы езым и анэм кърита хьэкъущыкъухэу арат ахэр. Джэдлыбжьэ ищIамэ, пхъэ фалъэ чэнжхэм ирилъхьэурэ Iэнэм къыщыдитырт. ПIастэ ипщэфIамэ, къыщхьэщиха хьэнтхъупсыр пхъэ шынакъ цIыкIухэмкIэ къытригъэувэрт. Нанухэм я IутIыжу щигъашхэкIи, пхъэ бжэмышххэр къахутрилъхьэрт.

Анэш нанэм деж щыIауэ си сабийхэр къэкIуэжамэ, нанэ и пхъэ хьэкъущыкъум хуэдэ диIамэ, фIы дыдэт жаIэрт... Зэгуэрым ди анэр къэкIуауэ, хъуржын цIыкIу дахэ дыдэ зырыз кърех и матэм. Ар къэкIуэху Iэмал имыIэу щIэщыгъуэу зэрыджэгун къахуихьырт. Хъуржынхэр къатIатэмэ, пхъэ фалъэ зырызрэ пхъэ бжэмышх зырызрэ илъу арат. «Нанухэм си фэеплъу зэрахьэнщ, къащтэху ягу сыкъэкIынщ», - къыпыгуфIыкIыурэ желэ...

Мазэ дэкIри, си анэр дунейм ехыжащ. Жейри, къэушыжатэкъым...

Илъэс щэщIым щIигъуащ ди анэр зэрыдимыIэжрэ.

Пхъэ хьэкъущыкъухэр къызыхуихьа нанухэри езыхэр унагъуэ хъужащ. Хьэкъущыкъу лъапIэхэри ди куэдми, ди анэм и пхъэ хьэкъущыкъухэр ди сырэм иджыри дэзмых, пхъэ бжэмышххэр жьы хъуами, я хъуреягъыр лэжьами, я фэхэр текIыжами, ахэр слъагъуху, си анэр IэфIу си гум къокI, си псэр ягъэхуабэ, хугу хьэнтхъупсри, абы и IэгумкIэ къызитам хуэдэу, нэхъ сфIэIэфIыуи абыкIэ изоф.

**БАГЪ Марьям.**

**• Шхыныгъуэ**

## Пщагъэ зыхэмылъ щIакхъуэ пIащIэ

*(Iэрытедзэ)*



Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIар содэрэ шыгъурэ зыхэгъэткIухьа псы хуабэкIэ япщ. Хьэзыр хъуа тхьэвыр г 150-рэ и хьэлъагъыу, Iыхьэ-Iыхьэурэ ягуэш, хъурейуэ, пIащIэу, мм 2-3 и Iувагъыу хупхъэкIэ яху. Дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэ, сапэкIэ е гуахъуэкIэ гъуанэ цIыкIу хуащI. ЛъэныкъуитIымкIи ягъажьэ хьэзыр хъуху. Хуабэу Iэнэм трагъэувэ. Шей драф, шатэ, шху, фо дашх.

***Халъхьэхэр:*** гуэдз хьэжыгъэу - г 200, псыуэ - г 90, содэу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

**• ГушыIэ**

## Умыщхьэхыу сыту упсэлъэфрэ?

Паштыхь гуэрым унафэ ищIат: къэралым щхьэхынэу исым хэплъыхьу я нэхъ щхьэхынэ дыдэу тIу къыхуашэну. Пащтыхьым жиIар унафэти, псоми хэплъэри, нэхъ щхьэхынэ дыдэу тIу къыхахри къыхуашащ.

ТIури къэтIысын щхьэхыу плIаплIэу гум илът. Пащтыхьыр къыщIэкIри еплъащ, унафэ ищIри гум кърыригъэхри, унэ нэщI гуэрым щIригъэлъхьащ. ЯщIэм кIэлъыплъыну хъумакIуи Iуигъэувэжащ. Жэщ-махуэ куэдкIэ хъумакIуэр якIэлъыплъащ, арщхьэкIэ щхьэхынитIри щылът замыгъэхъейуэ.

ИтIанэ паштыхьым унафэ ищIащ ахэр зыщIэлъ унэм мафIэ щIадзэну.

МафIэр кIуэурэ зым деж нэсри и лым еIэ щыхъум:

- Си гугъэмкIэ мафIэ къытщIадзащ, - жиIащ зимыгъэхъейуэ здэщылъым.

- Умыщхьэхыу сыту упсэлъэфрэ? – жиIащ адрейр къэпсалъэри.

**• Хъыбарыжь**

## Азэпщ и къуэ Гъудэберд

Талъостэныпщыр зыгуэрым къиукIащ. КъэзыукIар къахуэгъуэтакъым. Азэпщ и къуэ Гъудэберд тралъхьащ.

- Пщыр зыукIын тщIэркъым, Азэпщ и къуэм фIэкIа, - жаIэри.

Азэпщ и къуэр яукIын мурад ящIащ. Гъудэбердым ищIэрт пщыр зыукIар. ИщIэ щхьэкIэ иIуэтакъым - адыгэлI хашэртэкъым. Мыхэшэн щхьэкIэ хэкум икIын мурад ищIащ Азэпщ и къуэм: Къэбэрдейр ибгынэри, хэкум икIащ.

Кърымым илъэс зыбжанэкIэ щыIэри, и хэкум къихьэжащ. Пщыр зыукIауэ щытахэр къэгузэващ:

- ДиIуэтэнущ, - жари.

- ДукIмэ, диIуэтэн? - жаIэри, Азэпщ и къуэр яукIын мурад ящIащ.

Апхуэдэ мурад къыщыхуащIым, Азэпщ и къуэр Талъостэнхэ екIуэлIащ - я хьэщIэщым ихьащ.

- Пщыр зыукIар ди хьэщIэщым къихьащ, - дукIынщ щыжаIэм, я нэхъыжьым идакъым:

- Ямыгъэпсалъэ яукIыркъым. Пщыр иукIамэ, Азэпщ и къуэр ди хьэщIэщым къихьэнтэкъым, - жери.

- Пщыр зыукIар сэракъым, - жиIащ Азэпщ и къуэ Гъудэберд. – Ныжэбэ къуажэм дэкIырщ пщыр зыукIар.

Пщыр зыукIар а жэщым къуажэм дэкIащ. Азэпщ и къуэр хей хъужри, и унэ итIысхьэжащ.

*Азэпщ и къуэ ГъудэбердкIэ зэджэр щыпсэуар, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Талъостэнхэ я уэлиигъуэрщ - епщыкIубланэ лIэщIыгъуэм. Абы лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ «АдыгэлI хашэркъым» псэлъафэр. Мыхэшэн (бзэгу имыхьэн) щхьэкIэщ Азэпщ и къуэ Гъудэберд хэкур ибгынауэ щIыщытар.*

**• ЖыIэгъуэхэр**

## ЛIы зэрагъэунэхур и Iуэхущ

♦**Зи мылъку щысхьыракъым нэпсейр, нэгъуэщIым и мылъку зэзылъэфэлIэну хэтращ.**

♦**И гуащIэ зыхэмылъым щысхьыр мащIэщ.**

♦**Къыумылэжьа фIыщIэмрэ мылъкумрэ хъер пылъкъым.**

♦**Къулыкъум хэти пщIэ кърелэжь, хэти и напэр хелъхьэ.**

♦**Лэжьыгъэ удэзыхьэхыр тыншщ.**

♦**ЛIы зэрагъэунэхур и Iуэхущ.**

♦**МащIэр фIыщIэ зымыщIым нэхъыбэ хуэфащэкъым.**

♦**МыгъэзэщIа унафэм унафэ зыщIым и пщIэр егъэкIуэд.**

♦**Унэгуащэ хахуэм мащIэри куэд ещIыф, хуэмыхум куэдри мащIэ IэщIохъуэ.**

♦**Унагъуэм къаугъэ илъмэ, быным я лъэр щIэкIыркъым.**

♦**Унэгуащэр япэ ищмэ, лIым и гъащIэр къоуфэрэнкI.**

♦**Щхьэгъусэ нэгъэсам цIыхухъу лIыгъэншэри гушхуэ ещIыф.**

♦**Зи мылъку зыфIэмащIэр гъунэжщ - зи акъыл зыфIэмащIэ гъуэтыгъуейщ.**

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Адыгэ шхыныгъуэ: лы пшэр убам бжьын, бжьыныху хэупщIэтауэ, абыкIэ кIэтIий гъэкъэбзар якудэри ягъэжьэж. **3**. Адыгэхэм яш лъэпкъыфIхэм языхэз, икъукIэ жэру. **6**. Языныкъуэ Iэщхэм я щхьэм къыхэкI къупщхьэ папцIэ. 8. Тхьэлъэlухэм щыгъуэ ягъажьэу щыта хьэ щIакхъуэ лIэужьыгъуэ. **11**. МэкъупIэхэм, гъавэ зытет хьэсэхэм къикIэ удз банэ лъэпкъ. **13**. Мэкъумэшым, Iэщым елэжь цIыхухэр жылэу щыпсэу щIыпIэ. **14**. Хьэцэпэцэхэм я жылэ.

***Къехыу:*** **1**. ХадэхэкI лIэужьыгъуэ. **2**. Мащэ, уэх, къиуда. **4**. Зи пэр къуаншэ, къырхэм, губгъуэхэм щыпсэу къуалэ, къашыргъэ лъэпкъыгъуэ. **5**. Бдзэжьей къызэраубыдхэр зыфIащIэ чы лантIэ кIыхь. **7**. Алэрыбгъум ещхьу, къамыл щабэ зэIуща. **9**. Унащхьэр щIиIыгъэу ухуэныгъэм и блынхэм зэпрыуэ къытелъ пхъэ гъум кIыхь. **10**. Чы псыгъуэхэм къыхэщIыкIа, хьэпшып, шхын гъущэ, гъавэхэкI зралъхьэ кумбыгъэ. **11**. Бгырыпхыщхьэ, фэ лъэпс илъэфыпIэ. **12**. Джэдкъаз, къуалэбзу сытхэм я шхын зекIуапIэм щыщу щыкъуныр гъэткIуныр къыщыщIидзэр.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.



***Мэлыжьыхьым и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Телъхьэ. **4**. Хъарып. **7**. Бжэндэхъу. **8**. Мы. **9**. Егъу. **10**. Адэжынэ. **13**. Щыблэ. **14**. Бзыгъэ.

***Къехыу:*** **1**. Щхьэж. **2**. БащIэ. **3**. Тхьэмпищ. **5**. ПщIэгъуалэ. **6**. Унажэ. **11**. Делэ. **12**. Назэ.





# Къуэш зэрыгъэхъуащ, унагъуэкIи зэкIэлъокIуэ

**«Акрополь» хьэщIэщым мэлыжьыхьым и 22-м щыпащащ ди щIыналъэм къыщагъэщIэрэщIэжа «Зэныбжьэгъугъэ» щIалэгъуалэ Iуэхум и зи чэзу Iыхьэм. Абы хэтыну щIалэхэм ящIыгъуащ я Iыхьлыхэри. КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщ мы Iуэху щхьэпэр и хэлъхьэныгъэфIщ 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам теухуауэ къэралым щызэфIагъэкIхэм.**

2009 гъэм япэу ирагъэжьауэ щыта мы Iуэхум хэтат Аргудан, Гундэлэн къуажэхэм щыщ унагъуий. 2025 гъэм абы къыхашащ хамэ къэралхэм щыпсэу лъэпкъхэри. Илъэс 17-м къриубыдэу мы лэжьыгъэм зэрызиубгъуам и щыхьэтщ ныбжьыщIэ 500-м щIигъу абы зэрыхэтар. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы Iуэхур зэрырагъэжьэрэ КъБР-м, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм, УФ-м, хамэ къэралхэм щыпсэу ныбжьыщIэ куэд къуэш зэрыгъэхъуащ, унагъуэкIи зэкIэлъокIуэ. Абы хэтщ илъэс 14-м щыщIэдзауэ 17-м нэс зи ныбжь щIалэхэр. Иужьрейм къыхашащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ, къалэ псоми щыщхэр. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ зэгурыIуэу, зым и хабзэм адрейм пщIэ хуищIу къэгъуэгурыкIуэ Кавказым ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъуну, ижьижьыж лъандэрэ Кавказым щызекIуэ хьэщIагъэ хабзэ дахэр нэхъыжьхэм щIэблэм къыхуагъэнэну. Бзэ, хабзэ, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэ лъэпкъхэр мыпхуэдэ Iуэхум зэкъуегъэувэ, пщIэ зэхуащIу ирегъасэ.

ХьэщIапIэ кIуэну щIалэхэмрэ абыхэм бысым яхуэхъунухэмрэ чэзууэ утыкум кърашэурэ зэрагъэцIыхуащ. Иджырей Iуэхум щIалэ 18 хэтщ. Япэу ирагъэблэгъащ Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Бабугент къуажэм щыщ, 10-нэ классым щеджэ Ульбашев Артуррэ Аруан щIыналъэм хыхьэ Джэрмэншык къуажэм щыпсэу, 10-нэ классым щIэс Джыназ Алихъанрэ. КIэлъыкIуэу зрагъэцIыхуащ Тэрч щIыналъэм и Дей къуажэм щыщ, 10-нэ классым щеджэ Джэурджий Иналрэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Кичмалкэ къуажэм щыпсэу, 8-нэ классым щIэс Кумаров Мухьэмэдрэ, Май щIыналъэм и Май къалэм щыщ Горбунин Романрэ Тэрч щIыналъэм и Урожайнэ къуажэм щыпсэу Къущхьэунэ Елдаррэ. ЯфIэфI Iуэхугъуэхэм, щапхъэу къалъытэ цIыху цIэрыIуэхэм, еджэным къыщыдэхуэкIэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрагъакIуэм, фIыуэ ялъагъу шхыныгъуэхэм, къыхахыну IэщIагъэм, нэгъуэщIхэм ятеухуа упщIэ зыбжанэ щратым, гурыIуэгъуэ хъуащ ахэр шым, спортым и унэтIыныгъэхэм зэрыдахьэхыр, Олим джэгухэм я чемпион хъуахэм, спортым къыхэжанык Iа щIалэхэм зэрыдэплъейр. НыбжьыщIэхэм хуагъэбелджылы хабзэхэр зэрыт тхылъ цIыкIумрэ («Нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщI, нэхъыщIэхэм щапхъэ егъэлъагъу», «НэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм, хабзэхэм, диным пщIэ хуэщI», «Мамырыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ лъытэ», «Уи хьэщIэр уи къуэшщ», «Бысымым и лъэпкъ хабзэхэм пщIэ хуэщI», «ХьэщIэм дапщэщи дэIэпыкъу», «ХьэщIэм епта псалъэм уемыпцIыж», «Узыщыщ лъэпкъымкIэ жэуаплыныгъэ зэрыпхьыр зыщомыгъэгъупщэ», нэгъуэщIхэри) мы Iуэхум и дамыгъэр зытет футболкэхэмрэ дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ.

- Ди гуапэу зыпытщэ «Зэныбжьэгъугъэ-2026» Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэр зэрыцIыхунымкIэ. ХьэщIапIэ кIуэхэр бысымхэм я лъэпкъ хабзэхэм, щэнхабзэм, шхыныгъуэхэм, псэукIэм хагъэгъуазэ, курыт еджапIэхэм макIуэ. Дэзыхьэх IуэхухэмкIэ (спортым, шахматым, бдзэжьей ещэным, н. къ.) ныбжьыщIэхэр зэрызэтедгъэхуэным дыхэтащ. Фи зэхуаку къыдэхъуэну зэныбжьэгъугъэр фи гъащIэ псокIэ ефхьэкIыну сыщогугъ, - жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Жамболэт. - Абы зэрызиужьар ди нэгу щIокI. Илъэс 17 и пэкIэ Iуэхур щедгъэжьам зэрыцIыхуа щIалэхэмрэ я унагъуэхэмрэ нобэр къыздэсым зэкIэлъокIуэ, зэныбжьэгъугъэ быдэ яку дэлъу. Ар лъэпкъхэм, къуажэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм я щапхъэщ. Мызэ-мытIэу мы Iуэхум хэтахэри зэхыхьэм къедгъэблэгъащ. Тхьэмахуэ дэкIмэ, хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ иджыри зэ мыбдеж дыщызэхуэсынущ. Хамэ къэралхэм щыпсэу, лъэпкъхэр дызыщызыгъэIеину и ужь итхэм дапэщIэтынымкIэ мыр IэмалыфIщ. Мыпхуэдэ гуапагъэ, ныбжьэгъугъэ зыхэзыщIахэр абыхэм тыншу пхыкIыфынущ.

- Дэтхэнэ зы лъэпкъми хабзэ, щэнхабзэ дахэхэр къыдокIуэкI. Мы Iуэху гуапэм зэрыпащэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Нэхъыжьхэм ди къалэнщ щIэблэм я деж а хабзэхэр, лъапIэныгъэхэр нэтхьэсыну, яхъумэн, зэрахьэн папщIэ. ХьэщIапIэ кIуэну щIалэхэм зым и хабзэм адрейм зэрызыщигъэгъуэзэнур уасэншэщ. Зэхыхьэм хэтхэми, ар къызэзыгъэпэщахэми, адэ-анэхэми фIыщIэ фхуэфащэщ, ехъулIэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу! - жиIащ КъБР-м и прокуратурэм и Ветеранхэм я советым и унафэщI Мэшыкъуэ Хьэчим.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, КъБР-м и Iэтащхьэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и саугъэтым и лауреат, блогер Мэзукъэбз Аслъэн Iуэхум хэт щIалэхэм захуигъэзащ гукъинэжу загъэпсэхуну, я махуэхэр щIэщыгъуэу ягъэкIуэну, хьэщIапIэ здэкIуэ унагъуэхэм я хабзэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм зыщагъэгъуэзэну, зэныбжьэгъугъэм и гуапагъэрэ хуабагъэрэ зыхащIэну, я гъащIэ псокIэ ар зыщамыгъэгъупщэну.

- ЩIыналъэм щыщ лъэпкъхэм къахэкIа щIалэхэр республикэм и нэгъуэщI къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыщ унагъуэхэм зэрыщыхьэщIэр фIыщ. ХьэщIапIэ кIуэ ныбжьыщIэхэм бысымхэм я гуапагъэ зыхэфщIэну, зэманыр щхьэпэу, гъэщIэгъуэну, гукъинэжу вгъэкIуэну, зэныбжьэгъугъэ быдэ фи зэхуаку къыдэхъуэну сынывохъуэхъу. Лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къару нэхъыщхьэр, - жиIащ КъБР-м и прокуратурэм и Ветеранхэм я советым хэт Мизиев Магомед.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхум нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна лъапIэныгъэхэр - лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, хьэщIэм пщIэрэ гулъытэрэ хуэщIыныр зи лъабжьэ хабзэ дахэр къызэрагъэщIэрэщIэжыр, зым и псэукIэм адрейм зыщигъэгъуэзэну Iэмал зэраIэр къызэрыхэщыр, ар хуабагъэрэ гуапагъэкIэ зэрыгъэнщIар, Iуэхур къыхэзылъхьахэмрэ абы хэтхэмрэ фIыщIэшхуэ зэрахуэфащэр. Абы щIигъуэжащ ди республикэм щекIуэкI «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхур зэрыщапхъэр, ди щIыналъэм и мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ псоми ар щрагъэкIуэкIыныр зэрыфIэигъуэр.

Мы щIалэхэм я хьэщIэгъуэр зэфIэкIмэ, мэлыжьыхьым и 29-м зэхуэсыжынурэ ныбжьыщIэхэр тепсэлъыхьыжынущ я махуэхэр зэрагъэкIуам, гъунэгъу лъэпкъхэм я гъащIэм, хабзэхэм щыщу къащIам, нэгъуэщIхэми.

Пшыхьыр ягъэдэхащ эстрадэ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Арабеск» ансамблым, уэрэджыIакIуэхэу Теунэ Джэмал, Созаевэ Натэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Къэзан екIуу зыкъыщагъэлъагъуэ

● Тхэквондо




**Урысей Федерацэм тхэквондомкIэ (ГТФ, Олимп джэгухэм хэмыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) и чемпионатрэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан щекIуэкIащ иджыблагъэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 66-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 2824-рэ. МахуихкIэ екIуэкIа зэIущIэм щызэхьэзэхуахэр щIэбэнащ УФ-м и командэ къыхэхам зэрызыхагъэхуэным.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм Къэзан екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи медаль зэхуэмыдэу 14 абы къыщихьащ: 7-р дыщэу, 4-р дыжьыну, 3-р домбеякъыу.

УФ-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэпеуэм я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм щытекIуащ Гупзешэ Албэч (дисциплинитIым япэ щыхъуащ), Гупзешэ Нурлан, Пекъу Ибрэхьим, Атабиев Абдулыхь, КъардэнгъущI Алан, Дзыгъуанэ Альберт сымэ.

ЕтIуанэ увыпIэхэр къахьащ Назарчук Руслан, Къущхьэ Iэдэм (дисциплинитIым етIуанэ щыхъуащ), Гупзешэ Эмир сымэ.

Нэзрэн Инал, Дзыгъуанэ Имран, Пекъу Амир сымэ ещанэ хъуахэщ.

Командэм и тренерыр Бэлахъуэ Елдарщ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.**



**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66**

**Индексыр П 5894 ● Тиражыр 1.250 Заказыр №823**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.**

**Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**